

CRITA RAKYAT ING KABUPATEN KEDIRI (TINGINGAN ARKETIP CARL GUSTAV JUNG LAN FUNGSI FOLKLORIS)

DEVY YOANITA PUJI HARIYANTO

S-1 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
devyhariyanto@mhs.unesa.ac.id

Prof. Dr. Darni, M.Hum.

Dhosen Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Crita rakyat Kediri minangka perangan saka karya sastra lisan mesthi ngandhut kaca pangilon lan citra masyarakat penyengkuyunge (masyarakat Kediri) kang tuwuh saka ketidaksadaran kolektif kang isi-isi fisike diwarisake lan dibacutake saka sawijine generasi neng generasi bacute minangka potensi psikis kang diarani arketip lan minangka sastra lisan mesthi nduweni fungsi kang migunani tumrap kauripan. Fungsi-fungsi kasebut bisa diteliti supaya bisa dimangreteni makna lan perane sajrone masyarakat penyengkuyunge kanthi tumemen.

Bab kang bakal dirembug utawa underan sajrone panliten iki yaiku (1) Apa wae arketip kang ana sajrone crita rakyat ing Kabupaten Kediri, (2) Apa wae fungsi crita rakyat ing Kabupaten Kediri tumrap masyarakat penyengkuyunge. Salaras kalawan underan panlitene, ancas saka panliten iki yaiku (1) njlentrehake arketip kang ana sajrone crita rakyat ing Kabupaten Kediri lan (2) njlentrehake fungsi crita rakyat ing Kabupaten Kediri. Panliten iki mujudake panliten kuwalitatif. Sumber dhatane yaiku saka antologi Crita Rakyat Kediri Jawa Timur dening Suharmono Kasiyun. Dhata sajrone panliten iki arupa ukara lan wacana kang wujud kutipan utawa cuplikan-cuplikan, sarta paragraf kang nduweni sesambungan kalawan underan panliten.

Adhedhasar underan panlitene, asil saka panliten iki ana loro. Asil kaping pisan yaiku anane arketip sajrone antologi Crita Rakyat Jawa Timur. Arketip kasebut yaiku arketip persona, ayang-ayang, anima lan animus, wong lanang kang wicaksana, satriya, lan dhiri. Arketip kang kasil ditemokake kasebut ana kang mawujud figur arketipal, kahanan arketipal kang dituduhake kanthi anane kadadean kang wigati, lan ana kang kanthi wujud imaji arketipal kang dituduhake kanthi lambang-lambang. Kaping pindho yaiku anane fungsi folkloris saka crita rakyat ing Kabupaten Kediri. Fungsi kasebut ing antarane yaiku anane fungsi crita rakyat minangka sistem proyeksi, minangka pangesahan pranata lan lembaga kabudayan, piranti kanggo meksa lan ngawasi masyarakat supaya gelem manut marang norma-norma sosial, lan piranti pasinaon kanggo bocah.

A. PURWAKA

Maneka crita rakyat kang sumebar ing nuswantara mligine ing Kabupaten Kediri wiwitane tumurun kanthi cara gethuk tular. Ananging saiki sastra lisan kayata crita rakyat mangkono sipate luwih dinamis. Wis ana saperangan crita rakyat ing Nuswantara kang dibukukake lan didadekake kanggo bahan wacan lan arsip karya sastra. Sawijine yaiku antologi Crita Rakyat Kediri Jawa Timur dening Suharmono Kasiyun kang dicekak CRKJT. Antologi kasebut ngandhut sangang crita rakyat Kediri kang banjur didadekake sumber dhata saka panliten iki.

Crita rakyat kasebut minangka perangan saka sastra lisan kang sumebar ngandhut citra masyarakat penyengkuyunge. Awit objek panliten iki yaiku crita rakyat ing kabupaten Kediri saengga kang dimaksud masyarakat penyengkuyunge yaiku masyarakat Kediri. Citra

masyarakat kasebut ana amarga masyarakat penyengkuyunge nduweni ketidaksadaran kolektif kang isi-isi fisike diwarisake lan dibacutake saka sawijine generasi marang generasi sabanjure minangka potensi psikis.

Jung, sawijine ahli pikir psikologi kang kondhang ing abad 20 (sajrone Semiun, 2013:47) nduweni pamanggih yen ketidaksadaran kolektif mangaribawani pikiran, emosi, lan tumindake pawongan uga mangaribawani tumrap mitos, legendha, lan kapercayan manungsa. Awit anane ketidaksadaran kolektif kasebut, kabeh pawongan nduweni sipat umum ngenani bab sensasi, swara qalbu, pikiran lan pangrasa. Manungsa nduweni nenek moyang kang padha, ras keturunan saka siji indhuk saengga kanthi mangkono nduweni akar historis kang saemper. Evolusi manungsa ora ndadekake

Crita Rakyat ing Kabupaten Kediri (Tintingan Arketip Carl Gustav Jung lan Fungsi Folkloris)

dhasar memori kang wis diwarisake dening nenek moyang dadi ilang. Bab kasebut ndadekake dhasar jiwa manungsa kang banjur ngrembaka banget lan diaran arketip-arketip. Miturut uga kelompok pawongan ing kabeh peradaban manungsa bisa wae nggambarake sawijine arketip tartamtu sajrone sejarah. Arketip yaiku gambaran primordial utawa simbol kolektif lan mujudake pola psikis salah tingkah kang diwarisake.

Arketip ora bisa direpresintasi kake kanthi langsung nanging bisa ditemokake sajrone crita rakyat, agama, lan mimpi (Jung sajrone Ahmadi, 2011:2). Mimpi-mimpi mujudake sumber kang utama saka bahan arketipal lan mimpi-mimpi tartamtu sajrone pamikire Jung mujudake bukti anane arketip. Jung sabanjure ngentekake saperangan uripe kanggo nemokake lan njlentrehake gambaran-gambaran arketipal khusus kaya sajrone crita-crita mitologis, mimpi-mimpi, fantasi-fantasi, lan sajrone lukisan-lukisan. Jung uga nindakake panliten tumrap crita rakyat lan mitologi kang ana ing donya. Arketip kang ana sajrone crita rakyat, agama, uga mimpi nduweni varian. Ananging, varian-varian kasebut isih nuduhake titikan kang umum amarga isih gayut kalawan ketidaksadaran kolektif manungsa. Arketip kasebut ing antarane yaiku arketip persona, *shadow*, anima lan animus, ibu agung, wong lanang kang wicaksana, *hero*, lan *self*.

Arketip persona yaiku Sisi kapribaden kang dituduhake sawijine pawongan marang wong liya utawa lingkungan sakupenge diaran persona. Tembung persona wiwitan digunakake kanggo ngarani sawijine topeng kang dienggo paraga drama. Jung nggunakake tembung kasebut kanthi teges kang padha. Kita nglakoni peranan kaya paraga drama, nggunakake tumindak utawa salah tingkah tartamtu supaya salaras karo tuntutan-tuntutan saka situasi-situasi kang beda (Jung sajrone Semiun, 2003:56-58).

Arketip ayang-ayang karantam saka insting-insting hewani kang diwarisi manungsa sajrone evolusine. Ayang-ayang nduweni akar-akar kang jeru amarga ngandhut insting-insting hewani primitif saka leluhur pra-manungsa, ngandhut impuls kang dianggep masyarakat jahat, kebak dosa, lan ora nduweni moral. *Shadow* yaiku sisi gelap saka sawijine pawongan. Arketip kasebut ora bisa ilang ananging bisa dikontrol dening ego (kesadaran) yen kepengin urip kanthi ayem tentrem karo masyarakat. Awit anane ego kang bisa ngatur kakuwatan arketip ayang-ayang, arketip kasebut ora menahi bebaya marang wong liya kepara ndadekake manungsa nduweni gairah, semangat, lan lincah.

Anima yaiku sisi feminim saka wong lanang sajrone ketidaksadaran kolektife. Bab kasebut wiwitan saka pengalaman wong lanang karo wong wadon kayata ibune utawa dulur-dulure wadon, lan pacare. Sajrone berjuang kanggo nggolek wong wadon minangka kanca urip salawase, wong lanang kanthi ora sadhar mroyeksikake sipat-sipat feminin lan gambaran feminin sajrone batine

kang wis direpresintasi kake kanthi aktif. Padha kaya wong lanang kang nduweni sisi feminin, mangkono uga wong wadon nduweni sisi maskulin kang diwarisake, yaiku animus. Pangrembakane saka karakter pola dhasar kasebut yaiku animus mujudake fungsi *rational* wong wadon lan animus mujudake fungsi *irational* wong lanang. Anima ngasilake swasana ati lan animus ngasilake pamikiran utawa pamanggih sajrone wong wadon. Miturut Jung animus wong wadon nduweni fungsi kanggo mikir lan menahi pamanggih kayata anima nuwuhake swasana ati lan pangrasa sajrone wong lanang.

Arketip ibu agung mujudake turunan saka animus. Kabeh pawongan bisa lanang uga wadon, nduweni arketip kasebut. Arketip kasebut bisa ngasilake lan mertahanake kauripan, nanging uga bisa nyebabake rusake kauripan. Arketip ibu agung ndadekake pawongan percaya yen dheweke nduweni kagunan kang ora ana watese lan bab kasebut bisa mangaribawani wong liya.

Arketip wong lanang kang wicaksana diumpamakake utawa diwujudkan sajrone mimpi-mimpi minangka bapak, simbah, guru, filsuf, dhokter, utawa imam. Arketip kasebut katon sajrone dongeng-dongeng minangka raja, penasihat, tukang sihir kang mbantu satriya kang ngalami susah.

Arketip satriya direpresintasi kake sajrone mitologi lan dongeng-dongeng minangka sawijine pawongan lanang kang kuwat, kadang nduweni peran kaya dewa kang perang nglawan lawan-lawan kang padha kuwate kaya naga, monster, ula, utawa iblis. Nanging pungkasane satriya dikalahake dening pawongan utawa kedadean kang ora wigati banget. Gambaran ngenani satriya kena banget sajrone batine manungsa, bab kasebut kabukten nalika kita mesthi seneng marang satriya-satriya sajrone film, crita roman, dolanan lan program-program TV. Jung (sajrone Hall lan Lindzey, 1993:188) ngandharake yen ketaksadaran kolektif bisa wae nduweni gegayutan siji kalawan sijine saengga bisa njangkepi. Arketip *hero* lan *wise old man* yen gayut siji lan sijine bisa wae ngasilake konsepsi satriya pandhita, pawongan kang diajeni lan dikormati amarga dheweke sawijine pamimpin kang nduweni jiwa satriya lan wicaksana.

Dhiri mujudake arketip kang amba banget saka sakabehane arketip lan bisa dideleng minangka arketip saka arketip-arketip amarga narik arketip arketip liya lan nyawijikake sajrone proses realisasi dhiri. Minangka sawijine arketip, dhiri dilambangake dening pikiran-pikiran manungsa ngenani kasampurnan urip (Jung sajrone Semiun, 2013:69-83).

Arketip-arketip mau bisa mawujud figur arketipal, kahanan arketipal, objek arketipal, lan imaji arketipal. Figur arketipal yaiku representasi paraga sajrone crita rakyat. Miturut Jung (Sajrone Ahmadi, 2011:3) wujud paraga bisa arupa imago, satriya, bapak, anak, Tuhan, wong lanang kang wicaksana, ibu, wong wadon, lan

kewan. Bab kasebut ndadekake arketip paraga sajrone crita rakyat hakikate padha sajrone derajate ing perangan donya.

Sawise figur arketipal, sabanjure ana kahanan arketipal. Kahanan arketipal yaiku bab kang nduweni sesambungan kalawan kadadean kang wigati kang ana sajrone crita rakyat. Kadadean kang wigati kasebut diwangun saka tumindake paraga. Kadadean kasebut nduweni sipat tipikal lan kambali maneh. Miturut Jung (Sajrone Alwisol, 2004:79), kahanan arketipal kasebut wujud kaya lairan, pepisahan, pepate, pembaptisan, lan jejodhohan. Pangrembakane kahanan arketipal ing zaman biyen lan zaman saiki bisa wae beda amarga pikiran manungsa saiki bisa luwih kompleks yen ditandingake manungsa ing zaman biyen.

Sabanjure ana objek arketipal, yaiku bab kang nduweni sesambungan kalawan apa-apa kang nawujud, bisa wae kang mawujud piranti utawa makhluk urip kang ana ing alam semesta. Gayut crita rakyat, objek arketipal, miturut Jung (sajrone Alwisol, 2004:79), mawujud lumantar srengenge, banyu, iwak, kethek.

Pungkasan yaiku imaji arketipal. Imaji arketipal mujudake pralambang-pralambangan sajrone crita rakyat kang asipat arketipis. Pralambang sajrone crita rakyat nduweni sesambungan kanthi samubarag kang samar, ora diweruhi, utawa kesidhem. Sipate kang ora cetha ndadekake pralambangan kasebut *multitafsir*, *multiaspek*, lan ora sadhar (*uncounscious*).

Sastra lisan kayata crita rakyat saliyané kaya kang wis diandharake ngandhut citra masyarakat panyengkuyunge uga mesthi ngandhut fungsi tartamtu kang migunani tumrap uripe manungsa supaya dadi pawongan kang luwih becik ing tembe. Sastra lisan kasebut nduweni fungsi tartamtu nanging miturut William R. Bascom (sajrone Danandjaja, 2002:19), fungsi folklorise kanthi umum minangka sistem proyeksi, pangesahan pranata lan lembaga kabudayan, piranti kanggo meksa lan ngawasi masyarakat supaya gelem manut marang norma-norma sosial, lan piranti pasinaon kanggo bocah.

Hutomo menèhi tuladha crita rakyat basa Indonesia kanthi irah-irahan "*Bawang Putih dan Bawang Merah*". Crita kasebut mujudake proyeksi kang dikarepake bawah sadar saka akehe kenya kang uripe sarwa kurang kepingin dadi garwane wong sugih utawa priyayi.

Sabanjure sastra lisan minangka pangesahan kabudayan, tuladhane kaya crita *Asal-usul Kata 'Babah'*. Crita kasebut sejatine nduweni maksud kanggo mbenerake ngenani aturan omah-omah antarane wong pribumi (lanang) lan non pribumi (wadon) iku ora bisa ditindakake. Crita liyané yaiku crita cecak kang ora nuhoni Nabi Muhammad. Crita kasebut nduweni maksud kanggo menèhi palilah kanggo mateni cecak.

Manungsa urip ing donya iki prelu anane aturan supaya uripe tansah becik. Ananging ana wae kang nerak aturan kasebut saengga kudu dipeksa supaya patuh. Sastra

lisan nduweni fungsi kasebut yaiku sastra lisan bisa dadi piranti kanggo meksa masyarakat supaya gelem manut marang norma-norma sosial lan minangka piranti pengendali social. Tuladhane paribasan ngundhuh wohing pakarti kang nduweni maksud supaya wong-wong tansah ngati-ati nalika nglakoni samubarang amarga saben-saben tumindak iku ngandut walesane dhewe-dhewe. Yen tansah tumindak becik mesthi ngasilake piwalesan kang becik uga lan suwalike kaya mangkono.

Sastra lisan kayata dongeng padatan digunakake dening wong tuwa supaya anake paham nile-nile panguripan jalaran sajrone kasusastran ngandut nile-nile kang becik. Bab kasebut ndadekake sastra lisan minangka piranti pasinaon kanggo bocah. Saliyané dongeng utawa crita-crita kanggo bocah, piranti pasinaon kanggo bocah bisa uga saka puisi rakyat.

Maneka fenomena kang kadadean ing satengahé masyarakat saiki kalebu uga sastra lisan bisa diteliti kanthi teori arketip saka Carl Gustav Jung lan fungsi sastra lisane miturut teori Suripan Sadi Hutomo. Fungsi kasebut bisa diteliti kanggo mangretni peran sastra lisan kang ana sajrone masyarakat panyengkuyunge.

Adhedhasar bab ing dhuwur, fokus panliten iki yaiku arketip lan pawujudane sarta fungsi folklorise tumrap masyarakat panyengkuyunge. Dikarepake anane panliten iki bisa nambahi wawasan ngenani teori psikoanalitik Carl Gustav Jung lan kepriye pangacakane sajrone sastra lisan sarta bisa dimangretni maneka fungsi folkloris kang kandhut supaya bisa didadekake pasinaon kanggo urip luwih becik sajrone bebrayan.

B. METODHE

Endraswara (2013:8) ngandharake yen metodhe panliten sastra yaiku cara kang dipilih panliti kanthi nggagas wujud, isi, lan sipat sastra minangka subjek kajian. Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe kuwalitatif, metodhe kang manfaatake cara penafsiran kang dicawisake kanthi wujud dheskripsi. Metodhe kuwalitatif menèhi kawigaten tumrap data alamiah, dhata sajrone sesambungane kalawan kontekse.

Pendekatan kang digunakake yaiku pendekatan mitopoik. Kanthi etimologis *mythopoeic* asale saka *myth*. Mitos sajrone teges tradhisional nduweni kesejajaran karo fabel lan legenda. Nanging sajrone teges modern, mligine miturut antropologi Frazerian lan psikologi Jungian, mitos nduweni sesambungan kalawan masa lalu minangka citra primordial lan arketip (Rohrberger lan Woods, sajrone Ratna, 2013:67).

Ratna (2013:47) ngandharake yen dhata sajrone ilmu sastra arupa tembung, ukara, lan wacana. Mula dhata sajrone panliten iki yaiku ukara lan wacana kang wujudé kutipan, cuplikan-cuplikan, sarta paragraf kang nduweni sesambungan kalawan konsep arketip Carl Gustav Jung lan fungsi sastra lisan. Sumber dhata ing panliten iki diperang dadi loro, yaiku sumber dhata primer lan sumber

dhata sekunder. Sumber dhata primer mujudake dhata kang asale saka sumber asli utawa wiwitan (Narimawati, 2008:98). Sumber dhata primer saka panliten iki yaiku antologi Crita Rakyat Kediri Jawa Timur dening Suharmono K. kang diterbitake nalika taun 2007 dening PT. Grasindo ing Jakarta. Buku crita rakyat kasebut cacahane ana 56 kaca lan ngandut sangang crita rakyat. Crita rakyat kang cacahane ana sanga kasebut dianalisis kabeh, siji mbaka siji. Sangang crita kasebut ing antarane yaiku (1) Thothokkerot Njaluk Rabi, (2) Watu Bantheng Bupati Kediri, (3) Prabu Erlangga Maro Negari, (4) Ngamuke Dhdadhungawuk, (5) Jaka Bodho Nata Recha, (6) Asal-usule Kali Serinjing, (7) Kembang Kuning Mbarang Jantur, (8) Sumpahe Ki Dipayuda, lan (9) Kleting Kuning Ambyur Kali.

Sumber dhata sekunder yaiku sumber dhata kang nduweni kalungguhan minangka panyengkuyung panliten kang bisa diasilake saka buku-buku kang relevan karo panliten. Panliten iki, sumber dhata sekundere yaiku buku-buku ngenani psikologi Carl Gustav Jung lan buku-buku ngenani sastra lisan. Saliyane kuwi isih ana maneh dhata sekunder kang bisa digunakake yaiku asil panliten, artikel, internet lan sapanunggalane.

Panliti minangka instrumen panliten nindakake panliten kanthi maca teks kanggo milah-milah crita kang cundhuk karo konsep arketip Jung lan nganalisis dhata nganti sabacute nulis asile panliten. Nalika nindakake panliten, panliti mbutuhake piranti kang bisa nyengkuyung anane panliten yaiku alat tulis, buku cathetan, lan laptop.

Panliten iki kalebu panliten pustaka. Panliten pustaka ditindakake sajrone sesambungane kalawan objek kanthi wujud karya tartamtu. Tegese objek kasebut dirasa sah, wis cukup kanggo didadekake wakil dhata kang diprelakake. Teknik nglumpukake data kang digunakake sajrone panliten iki kang sepisanan yaiku miwiti maca Crita Rakyat Kediri Jawa Timur saka purwaka, crita wiwitan nganti crita pungkasan. Anggone maca crita ya ora mung sepisan bae nanging dibolan-baleni. Ratna (2013:18) ngandharake yen maca objek karya sastra prelu ditindakake kanthi dibolan-baleni kanthi tujuwan supaya sakabehane unsur sajrone karya sastra bisa dimangretni kanthi maksimal.

Kaping pindhone yaiku menehi tandha (digarisi ngisor) ing saben-saben kutipan, cuplikan-cuplikan, sarta paragraf kang nduweni sesambungan kalawan konsep arketip C. G. Jung. Bab kasebut ditindakake sajrone proses inventarisasi dhata. Pungkasane banjur klasifikasi dhata supaya gampang anggone nemtokake dhata kang salaras karo underane panliten.

Endraswara (2013:104) ngandharake yen bab kang wigati kang kudu ditindakake sajrone panliten psikologi sastra yaiku: kapisan, pendekatan psikologi sastra nggayuh sakabehane unsur sajrone karya (intrinsik lan ekstrinsik) nanging luwih nengnake unsur intrinsik ngenani paraga-

paragan. Kapindho, analisis paraga ora mung fokus ing paraga utama nanging uga paraga liyane kang melu nyengkuyung crita lan wigatine panliti kudu nduweni dhasar kang masuk akal kena ngapa dening pangripta diwenehi watak kaya mangkono. Saliyane paraga-paragan prelu uga dikaji masalah tema karya. Kaping telu, konflik watak prelu disambungake kalawan alur crita. Bab kasebut kang ndhasari kena ngapa struktur karya sastra kudu tetep dadi pathokan saka wiwitan nganti akhir panliten. Bab kasebut kanggo nginggati supaya panliti ora mung fokus ing teori psikologi. Yen ngati kaya mangkono, tegese wis dadi panliten psikologi, dudu psikologi sastra.

C. ANDHARAN

Andharan lan jlentrehan dhata ing ngisor iki ngenani arketip kang ana sajrone Crita Rakyat Kediri kang dijupuk saka sumber buku antologi Crita Rakyat Kediri dening Suharmono Kasiyun lan fungsi sastra lisane tumrap masyarakat mligine masyarakat Kediri

Arketip Persona

Arketip persona bisa tuwuh kanthi wujud kahanan arketipal utawa lumantar anane sawijine kedadean kaya sajrone crita rakyat Thothokkerot Njaluk Rabi. Prabu Jayabaya minangka pandita ratu tansah ngreti kahanan rakyat. Panjenengane asring namur lampah menyang desa-desa sakupenge praja Kediri kaya cuplikan ing ngisor.

“Prabu Jayabaya kanthi sesidheman asring teka menyang desa-desa, mula tansah pirs manawa ana rakyat Kediri kang nandhang sengsara.”

“Prabu Jayabaya kang wektu iku lagi namur lampah karo sawatara prajurite takon marang wong kang lagi mandheg nata ambegane kang mengkis-mengkis.”

(Thothokkerot Njaluk Rabi, kaca 1-7)

Kadadean Prabu Jayabaya kang asring sesidheman mara neng desa-desa utawa kang padatan diaran namur lampah kaya cuplikan ing ndhuwur mujudake kahanan arketipal saka arketip persona. Cundhuk karo arketip persona kang ndelikake sipat asline manungsa lan nuduhake dhirine minangka pawongan kang beda, namur langkah mujudake tumindak nyamar dadi wong liya kang dilakoni sawijine pawongan supaya ora ana pawongan kang ngreti sapa sejatine dheweke.

Kahanan arketipal liyane bisa dideleng sajrone crita rakyat Kembang Kuning Mbarang Jantur. Crita rakyat kasebut nyritakake ngenani ilange Dewi Sekartaji saka Praja Kediri

“Nyi Tumenggung tiba semapat weruh Sang Prabu rawuh menyang katumenggungan, kuwatir bakal oleh pidana saka sang prabu. Nyi Tumenggung ora ngira manawa anak angkate iku Dewi Sekartaji.”

(Kembang Kuning Mbarang Jantur, kaca 39-44)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake Dewi Sekartaji, putri Kediri kang ayu banget kuwi diangkat anak dening Nyi Tumenggung. Ibu angkate kuwi wiwitan ora ngreti yen sejatine wong wadon kang diangkat anak iku putra

Crita Rakyat ing Kabupaten Kediri (Tintingan Arketip Carl Gustav Jung lan Fungsi Folkloris)

saka Prabu Kusumaraja amarga Dewi Sekartaji dhewe tansah ndelikake jati dirine. Arketip persona diupamakake sajrone crita rakyat minangka perangan kapribaden kang wigati banget kang njangkepi sawijine indhividhu karo wadhah, tutup kang njaga isi batine.

Arketip persona sajrone CRKJT uga bisa mawujud kanthi figur arketipal kaya sajrone crita rakyat kayata CRKJT kanthi judhul Prabu Erlangga Maro Negara.

“Candhi Jalatundha iki papan kanggo nyimpen awune Prabu Erlangga agelar Anatawikrama Tunggadewa. Miturut sejarah, Prabu Erlangga iku raja ing Kraton Medhang. Sawijining ratu gung binathara, ber budi bawaleksana.”

“Prabu Erlangga iku ora tau mbedak-mbedakake marang putra-putrane. Lanang wadon padha bae. Yen wong lanang bisa dadi raja, wong wadon uga bisa dadi ratu. Lanang lan wadon duwe hak kang padha.”

“Empu Bharadha banjur crita akeh-akeh ngenani Prabu Erlangga ing Kediri kang banget disuyuti lan ditresnani para kawulane. Kraton Kediri tansah tata tentrem kertaraharja, rakyat urip makmur amarga Prabu Erlangga ratu kang tansah nengenake kaperluane kawula alit.”

(Prabu Erlangga Maro Negara, kaca 15-20)

Dhata ing ndhuwur nuduhake kepriye pamaragan saka Prabu Erlangga kang adil, welas asih, lan seneng tetolung. Paraga Prabu Erlangga minangka ratu ing Kraton Medhang tansah ngupayakake rakyat urip tentrem tanpa ngrasa dibeda-bedakake. Panjenengane minangka bapak uga tansah ngupayakake supaya telung putrane bisa ngrasakake hak kang padha yaiku dadi ratu ing kratone dhewe-dhewe. Tumindake Prabu Erlangga marang rakyat lan putrane kasebut mujudake bukti konkrit yen ana arketip persona. Figur arketip persona sajrone crita rakyat kasebut digambarake minangka raja lan rama. Figur Prabu Erlangga minangka ratu ora bakal menahi keadilan marang rakyat kanthi pors kang padha kaya marang putrane arupa marisake kraton. Ananging nalika rakyat nandang kasusahan, panjenengane tansah nengenake kaperluane rakyat amarga bab kasebut mujudake kuwajibane minangka ratu ing kraton. Prabu Erlangga minangka ratu lan minangka bapak nduweni peran kang beda-beda kang dilakoni salaras karo kuwajibane.

Figur arketipal raja lan bapak kang adil uga bisa ditemokake sajrone paraga Sri Dharma Dayana Warnadewa, ramane Prabu Erlangga. Paraga kasebut mujudake ratu kang adil lan teges ing Kraton Bali.

“Nanging ramane ora bisa minangkani panyuwune Prabu Erlangga krana wus kadhung marisake Kraton Bali marang Anak Wungsu, rayine Prabu Erlangga dhewe.”

“Empu Bharadha, sabda pandhita ratu mboten saget dipunjabel malih. Eman sanget kula mboten saget minangkani pamundhutipun Anak Prabu Erlangga, awit kraton punika sampun kula warisaken dhumateng Anak Wungsu.”

(Prabu Erlangga Maro Negara, kaca 15-20)

Sri Dharma Dayana Warnadewa minangka ratu bisa menahi tuladha teges marang pawongan sakupenge uga rakyat. Panjenengane ora gampang njabel omongan ngenani kakuwasan utawa kalungguhan kang diwenehake marang Anak Wungsu, adhine Prabu Erlangga, supaya dadi ratu ing Kraton Bali. Tumindak lan omongan kang salaras kasebut nuduhake solah tingkahe ratu kang becik. Minangka rama, panjenengane uga adil amarga ora pilih kasih antarane Prabu Erlangga lan Anak Wungsu. Panjenengane marisake Kraton Bali marang Anak Wungsu supaya nduweni kalungguhan kang padha kaya Prabu Erlangga kang wis wiwitan nduweni Kraton Kediri. Arketip persona ing kene mangun karakter adil lan bawa laksana kang digambarake kanthi figur arketipal Sri Dharma Dayana Warnadewa minangka raja lan minangka rama.

Arketip persona sajrone antologi CRKJT uga ana ing crita rakyat Jaka Bodho Natah Reca. Jaka Bodho, sebutane warga desa marang sawijine pawongan kang nduweni tingkah polah mbodhoni. Ora ana warga desa kang weruh sejatine sapa lan saka ngendi si Jaka Bodho. Para warga mung weruh yen dheweke mbodhoni lan uga pawongan kang seneng tetolung lan trengginas.

“Ing desa kono akeh wong kang seneng marang Jaka Bodho. Jaka Bodho iku wonge enthegan lan seneng tetolung. Yen ana wong kang merlokake pitulungan, tanpa dijaluki tulung, Jaka Bodho mesthi enggal tetulung. Yen tetulung, Jaka Bodho ora tau murih imbalan. Yen sing ditulungi ngucapake matur suwun wae, senenge wis ora karuwan.”

“Nalika ngancik wengi, Jaka Bodho wiwit tandang gawe. Kabeneran ora adoh saka panggonane ngenger akeh watu gedhe-gedhe. Jaka Bodho sing wus nyiapake tatah lan pali banjur natahi watu iku. Krungu ana wong nuthuki watu, wong desa kono padha gumrudug teka.”

“Esuke Dewi Arum teka. Weruh gajah gedhe lan gajah cilik asil tatahane Jaka Bodho, ing batin ngalembana marang Jaka Bodho. Nanging sapa gelem dirabi wong bodho? Ing cedhake reca kuwi isih ana watu gedhe.”

(Jaka Bodho Natah Reca, kaca 27-32)

Dhata ing dhuwur mujudake cuplikan nalika Jaka Bodho kang nggawekake Dewi Arum reca gajah. Reca kasebut kudu rampung sajrone sawengi minangka syarat kang kudu dilakoni Jaka Bodho yen kepengin nggarwa Dewi Arum. Kagunane Jaka Bodho mujudake bukti anane arketip persona saka paraga Jaka Bodho. Arketip persona ing kene mawujud figur arketipal wong kang mbodhoni. Ananging ora bisa diselak yen sejatine Jaka Bodho ngono mujudake pawongan kang sekti amarga dheweke bisa ngrampungake natah reca sajrone sawengi tanpa pambiyantu saka sapa wae. Arketip persona diupamakake sajrone crita rakyat minangka perangan kapribaden kang wigati banget kang njangkepi sawijine indhividhu karo wadhah, tutup kang njaga isi batine.

Arketip Ayang-ayang utawa *Shadow*

Miturut Jung (sajrone Semiun, 2013:60) lambang-lambang saka arketip ayang-ayang padatan arupa ula, naga, buta, utawa monster lan setan. Lambang-lambang kaya buta, naga, moster, lan sapiturute kerep ditemokake ing crita-crita rakyat ing sakupenge masyarakat. Semana uga ing crita rakyat Kediri kaya sajrone Antologi Crita Rakyat Kediri Jawa Timur kang judhule Thothokkerot Njaluk Rabi.

“Nanging laladan Kediri kang tata tentrem kertaraharja mau dumadakan dadi gejer, nalika muncul sawijining raseksi kang ora diweruhi sangkan parane. Raseksi iku gawe rusak, kapitunan, lan rajapati ing Kediri.”

“Thothokkerot iku raseksi kang nggegirisi. Rambute gimbal, matane mlolo amba. Untune gedhe-gedhe, siyunge mingis-mingis, lan kekuwatane ngedab-edabi.”

“Nalika jotosane Prabu Jayabaya pas kena pilingane Thothokkerot, Thothokkerot njerit sora suwarane nggegirisi kaya bledheg.”

(Thothokkerot Njaluk Rabi, kaca 1-7)

Cuplikan ing dhuwur nuduhake wujud paraga Thothokkerot sajrone crita rakyat kasebut. Imaji makhluk kang nggegirisi bisa dideleng saka cuplikan ing dhuwur. Imaji buta mujudake gambaran saka arketip ayang-ayang utawa *shadow* kang Buta digambarake minangka makhluk kang medeni, ambek-siya, lan nggegirisi. Bab kasebut ora liya mujudake sisi jahat utawa sisi liya saka manungsa kang adoh ing jero pribadine kang becik, sejatine ana watak-watak kang ala kang bisa wae sawayah-wayah ndadekake dheweke minangka pawongan jahat.

Arketip ayang-ayang kang mawujud imaji arketipal liyane bisa ditemokake sajrone crita rakyat judhul Ngamuke Dhadhungawuk

“Dhadhungawuk banjur malih dadi bantheng, ngamuk ing satengahing kutha. Pra prajurit rame-rame ngroyok bantheng iku. Nanging nyatane bantheng iku dudu bantheng sembarang.”

“Prabu Jayabaya rumangsa gregeten. Bantheng terus diburu, nganti ora krasa wus adoh saka kraton. “Prabu Jayabaya sadhar, manawa bantheng mau wus nylametakake piyambake.”

(Ngamuke Dhadhungawuk, kaca 21-25)

Cuplikan ing dhuwur nuduhake anane imaji bantheng. Paraga Dhadhungawuk nyamar dadi bantheng amarga dheweke nduweni kekarepan nggiring Prabu Jayabaya adoh saka Kraton Kediri supaya bisa dislametakake saka para pambrontak. Imaji makhluk ghaib ora mung bantheng wae. Crita rakyat ing dhaerah liya uga kerep ditemokake imaji makhluk ghaib kayata macan, ula, kethek kang mralambangake sisi hewani saka manungsa. Ananging ing crita rakyat Ngamuke Dhadhungawuk ing kene, arketip ayang-ayang isih bisa dikontrol dening egone Dhadhungawuk. Kepara nuwuhake rasa semangat, lincah, lan nuwuhake pikiran kang kreatif kanggo ngatur strategi.

Ontran-ontran kang ditindakake ora nuwuhake kapitunan kanggo wong liya nanging mung digunakake minangka sarana supaya Prabu Jayabaya bisa digiring menyang papan kang adoh kanggo dislametakake.

Arketip ayang-ayang saliyané mawujud lambang-lambang uga bisa mawujud figur arketipal. Thothokkerot saliyané Kacaritakake sajrone antologi CRKJT, paraga Thothokkerot kang nduweni kekarepan bisa digarwa dening Prabu Jayabaya banjur nglakoni cara apa wae supaya bisa narik kawigatene Sang Prabu kalebu gawe ontran-ontran ing laladan Kediri

“Thothokkerot dhewe olehe gawe ontran-ontran iku amarga mung anggone pengin ketemu karo Prabu Jayabaya.”

“Kanggo golek kawigatene Prabu Jayabaya lan kawula ing Kediri Thothokkerot malah gawe ontran-ontran, mamerake kasektene. Karepe Thothokkerot mono supaya Prabu Jayabaya rumangsa eram marang kasektene. Prabu Jayabaya banjur kersa nggarwa Thothokkerot.”

“Rumangsane Thothokkerot ora ana wong kang sekti mandraguna kejaba dheweke. Mung wong kang bisa nandhingi kasektene kang pantes dadi sisihane.”

(Thothokkerot Njaluk Rabi, kaca 1-7)

Arketip ayang-ayang ing kene mawujud figur arketipal wong kang ugungan lan demen gawe kapitunan kanggo wong liya. Figur arketipal kasebut digambarake minangka Thothokkerot kang nduweni semangat lan ambisi kang gedhe kanggo kepethuk lan digarwa dening Prabu Jayabaya kaya kang dituduhake lumantar cuplikan ing ndhuwur. Manungsa sajrone urip iki pancen butuh ambisi kanggo ngobong semangate nggayuh kekarepan utawa impene. Emane Thothokkerot ora bisa wawas dhiri nganti nuwuhake tumindak kang ala. Ambisi kang tuwuh saka anane arketip ayang-ayang kang ora dibarengi ego kasebut ndadekake Thothokkerot nduweni kekarepan kang ora nduweni adab.

Figur arketipal liyane yaiku figur arketipal penipu sajrone CRKJT Jaka Bodho Natah Reka. Dewi Arum dicaritakake sajrone CRKJT minangka wong wadon kang ayu banget ing desa, nanging nduweni sipat kang ala kaya cuplikan ing ngisor.

“Nalika iku ana sawatara bocah wadon kang liwat ing guyangan kono. Salah sijine bocah wadon iku aran Dewi Arum. Dheweke bocah wadon kang paling ayu ing desa kono. Nanging eman, sanajan ayu rada ugungan, tindak-tanduke sok kepara sombong.”

“Dhasar ugungan, tanpa dinyana-nyana Arum mangsuli sembrana. Karepe mono nyepelekake marang Jaka Bodho sing plonga-plongo. Dhasar bocah wadon ngrumangsani yen ayu.”

“Dewi Arum banjur mulih. Atine rumangsa lega ora sida dadi bojone Jaka Bodho. Dheweke rumangsa pinter wis bisa ngapusi Jaka Bodho.”

Crita Rakyat ing Kabupaten Kediri (Tintingan Arketip Carl Gustav Jung lan Fungsi Folkloris)

(Jaka Bodho Natah Reca, kaca kaca 27-32)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake sapa lan kepriye watake Dewi Arum. Dewi Arum mujudake kembang desa kang nduweni sipat ugungan. Kacaritakake Dewi Arum menahi sayembara kanggo Jaka Bodho kang kepengin nggarwa Dewi Arum arupa kudu bisa nggawekake reca gajah sajrone sawengi. Batine Dewi Arum, si Jaka Bodho ora bakal kasil nindakake bab kasebut. Cekake, dina tansaya wengi lan Jaka Bodho meh kasil Dewi Arum kang sejatine wegah digarwa Jaka Bodho banjur golek cara supaya reca gajahe ora sida dadi. Watak licik, seneng ngapusi, ugungan, lan sembranane Dewi Arum mujudake bukti konkret anane arketip *shadow* utawa ayang-ayang. Arketip kasebut mawujud figur arketipal penipu kang digambarake lumantar paraga Dewi Arum.

Saliyane iku, sajrone CRKJT Kembang Kuning Mbarang Jantur. Dicitrakake nalika Dewi Sekartaji oncat saka Kraton Kediri, Prabu Kusumaraja kang sedhik banjur ngadani sayembara kanggo nggoleki putra putri kinasih kasebut. Akehe para nayaka kang melu sayembarane Prabu Kusumaraja kanthi kekarepan bakal kasil nemokake lan kasil didhaupake Dewi Sekartaji.

“Sawise bisa masthekake manawa putrane Tumenggung Paluamba iku Dewi Sekartaji, Jaka Kembang Kuning sowan marang Sang Prabu Kusumaraja. Sang Prabu kang banget rena penggalihe marga Dewi Sekartaji ditemokake, arsa mapak dhewe putrane sing ditresnani kuwi.”
“Sauntara iku ing Kediri geger gara-gara pangamuke Raden Klana Gendhingpita saka sabrang pengin dhaup karo Dewi Sekartaji. Amarga ditulak, Raden Klana Gendhingpita gawe rusak. Rahayune Raden Klana bisa dikalahake Raden Gandarepa.”

(Kembang Kuning Mbarang Jantur, kaca 39-44)

Bisa dideleng saka cuplikan kasebut satengahe alur dicitakake yen ana Jaka Kembang Kuning kang kasil nemokake Dewi Sekartaji. Bab kasebut ndadekake sawijine paraga aran Gendhingpita ngamuk. Gendhingpita uga melu sayembara nanging ora bisa nemokake Dewi Sekartaji dhisikan. Rasa getune kang tuwuh nalika ora kasil menangake sayembara kasebut saka anane arketipe *shadow* utawa ayang-ayang ing jero kapribadene. Gendhingpita wis dikuwasani dening egone kanggo menangake sayembara saengga nalika ora kasil, arketipe *shadow* kang wiwitan kang kasil dikontrol kasebut kaya-kaya mbledhug ora bisa diempet. Arketip *shadow* utawa ayang-ayang pancen ora bisa diilangi ngono wae, mung bisa dikontrol dening egone dhewe kanthi cara mbudayakake patrap lan pikiran kang positif saengga arketip kasebut bisa nuwuhake semangat, sportivitas, lan kreativitas sajrone kapribaden.

Arketip Anima lan Animus

Jung padha karo Freud lan liya-liyane ngenani anane perangan kang nduweni sisi maskulin lan feminin

sajrone pribadi manungsa. Sajrone teori psikoanalisis Jung bab kasebut diaran arketip anima lan animus.

Arketip anima bisa ditemokake sajrone CRKJT sajrone figur arketipal Prabu Jayabaya. Paraga Prabu Jayabaya kacaritakake manawa raja kang adil, welas asih, lan demen tetolung.

“Rakyat Kediri sujud lan bekti marang Prabu Jayabaya, amarga Prabu Jayabaya banget wicaksana lan tansah mikirake rakyat.”
“Manawa ana rakyat Kediri sing kena musibah, ujug-ujug teka bantuan saka Sang Prabu Jayabaya. Rakyat Kediri sok gumun. Mula banjur nganggep Prabu Jayabaya tansah pirsaa kahanane para kawulane.”

(Thothokkerot Njaluk Rabi, kaca 1-7)

“Prabu Jayabaya sing tansah tumindak adil, nalika kena musibah akeh sing mbelani.”

“Prabu Jayabaya kang adil lan kebak welas asih marang rakyat dislametake saka ontran-ontran kang bakal ngendhik panguwasane.

(Ngamuke Dhadhungawuk, kaca 21-25)

Pethikan ing dhuwur nuduhake kaya apa paraga Jayabaya ing urip saben dinane. Prabu Jayabaya minangka raja, panjenengane banget wicaksana lan tansah mikirake rakyat. Panjenengane tansah tumindak adil lan kebak welas asih. Sipat-sipat kaya mangkono mligine kang duweni sesambungan kalawan rasa alus sajrone pribadi wong lanang mujudake bukti anane arketip anima sajrone pribadi wong lanang. Ing masyarakat, wong lanang lan wadon dibedakake adhedhasar fungsi reproduksi nanging asring uga digayutake pangarep-arep kang asipat tradhisional kayata wong wadon diarepake gati, welas asih lan ora grasak-grusuk lan wong lanang diarepake kuwat lan teges. Kamangka sejatine ora kaya mangkono amarga anane arketip anima lan animus kasebut.

Saka crita rakyat Thothokkerot Njaluk Rabi, saliyane figur arketipal Prabu Jayabaya kang bisa dideleng arketip animane, ana paraga kang bisa diteliti arketip animuse kang mawujud figur arketipal Thothokkerot.

“Thothokkerot dhewe olehe gawe ontran-ontran iku amarga mung anggone pengin ketemu karo Prabu Jayabaya.”

“Kanggo golek kawigatene Prabu Jayabaya lan kawula ing Kediri Thothokkerot malah gawe ontran-ontran, mamerake kasektene. Karepe Thothokkerot mono supaya Prabu Jayabaya rumangsa eram marang kasektene. Prabu Jayabaya banjur kersa nggarwa Thothokkerot.”

“Thothokkerot nyatane pancen sekti. Bola-bali awake sakujur kena tendhangan lan jotosan sarta tempilinge Prabu Jayabaya kang dilambari kasektene, nanging Thothokkerot panggah malah gumuyu. Awake ora tatu, ora bingget. Awake seger meger-meger.”

(Thothokkerot Njaluk Rabi, kaca 1-7)

Kasekten Thothokkerot kang ngedab-edabi kasebut nuduhake yen sajrone paraga kasebut ngandut arketip animus utawa sisi lanang saka kodrate minangka wong wadon. Thothokkerot gawe ontran-ontran ing laladan

Kediri kanthi tujuwan arep ketemu banjur ngunggah-unggahi Prabu Jayabaya. Padatan kedadeane yaiku wong lanang kang nglamar wong wadon, nanging ing crita rakyat kasebut kepara wong wadon kang nduweni rasa wani ngandharake tresnane marang wong lanang. Bab kasebut nuduhake bukti yen sajrone paraga Thothokkerot ana arketip animus. Arketip anima lan animus nduweni peran sajrone sesambungan wong lanang lan wong wadon ngenani bab katresnan ing donya iki. Yen sakloron, lanang lan wadon kasebut padha tresnane, sejatine bab kasebut nuduhake pawongan kasebut wis nemokake lawan jinis kang bisa ngisi arketipe kanthi khusus. Nalika mung salah sawijine wae ang tresna ananging lawan jinise nampik utawa ora cocok, arketipe anima utawa animus dadi ora jangkep lan mung dikuwasani salah siji arketip kasebut. Nalika wong wadon dikuwasani arketip animus, kabeh kekarepane rumangsane kudu bisa kasil. Bab kasebut ala banget amarga ndadekake wong wadon bisa nglakoni tumindak kang sadis. Sawijine kedadean kaya Thothokkerot ditampik dening Prabu Jayabaya kasebut nuduhake sisi maskuline Thothokkerot kang ora bisa melu disengkuyung dening Sang Prabu banjur ndadekake dheweke wong wadon kang degsura lan brangasan.

Miturut Jung (sajrone Semiun, 2013:64) sajrone sesambugane wong lanang lan wong wadon, wong wadon ngadhepi bab kang padha saka pengalaman-pengalaman leluhure. Bab kasebut uga amarga anane ketaksadaran kolektif. Saliyane figur arketipal kang bisa ditemokake sajrone CKJT ing dhuwur, uga bisa ditemokake kahanan arketipal ngunggah-unggahi. Ngunggah-unggahi yaiku kadadean anane wong wadon kang nekani wong lanang lan nyuwun supaya didadekake garwane. Ing kene ana kadadean Thothokkerot kang nyoba kanggo narik kawigatene Prabu Jayabaya. Cekake banjur dimangretni yen kekarepane Thothokkerot iku arep ngunggah-unggahi Prabu Jayabaya amarga dirasa mung Prabu Jayabaya kang imbang kalawan dheweke lan pantes dadi sisihane.

Saliyane kasebut, ana figur Prabu Erlangga kang dicritakake minangka raja kang adil, welas, eklas lan tansah nengenake kaperluwane rakyat.

“Miturut sejarah, Prabu Erlangga iku raja ing Kraton Medhang. Sawijining ratu gung binathara, ber budi bawaleksana.”

“Empu Bharadha banjur crita akeh-akeh ngenani Prabu Erlangga ing Kediri kang banget disuyuti lan ditresnani para kawulane. Kraton Kediri tansah tata tentrem kertaraharja, rakyat urip makmur amarga Prabu Erlangga ratu kang tansah nengenake kaperluane kawula alit.”

(Prabu Erlangga Maro Negara, kaca 15-20)

Rasa asih, adil, eklas, kang ditudukahe kaya ing cuplikan dhuwur, mligine diduweni wong wadon. Ananging Prabu Erlangga minangka wong lanang uga nduweni rasa kasebut. Bab kasebut amarga pangaribawa saka anane arketip anima. Anima sajrone kapribaden Prabu Erlangga ngasilake swasana ati lan pangrasa sajrone wong

lanang.

“Arketip anima liya bisa ditemokake kanthi anane figur arketipal KARM Jaya Hadiningrat.

“Kanjeng Adipati Raden Mas (KARM) Jaya Hadiningrat tansah migatekake karaharjaning kawula alit.”

“Kanjeng Bupati nelangsa penggalihane mirsani nasibe rakyat.

(Watu Bantheng Bupati Kediri, kaca 9-14)

Cuplikan ing dhuwur nuduhake kepriye Kanjeng Bupati Jaya Hadiningrat tansah migatekake karaharjan lan kaslametan wargane. Panjenengane tansah mikir kepriye wargane kudu tansah ngrasa adem, ayem, tentrem lan sarwa kacakupan tanpa ngrasa kalaran dening Walanda. Pangrasa kang tulus lan alus kaya mangkono padatan diduweni dening wong wadon. Ananging amarga fungsi arketip animane lumaku apik dadi nuwuhake pakarti kang becik tumrap Kanjeng Bupati Jaya Hadiningrat. Padatan wong lanang luwih seneng ngadhepi masalah kanthi cara perang ananging Kanjeng Bupati isih migatekake nasibe prajurite kang saithik kasebut yen gawe cara kekerasan bakal nuwuhake akeh kurban saengga panjenengane milih nyerah marang Walanda. Rasa lila berkorban kanggo wong liya kaya kang ditindakake Kanjeng Bupati uga mujudake bukti saka anane arketip anima sajrone kapribadene.

Arketip Ibu Agung

Arketip ibu agung ndadekake pawongan percaya yen dheweke nduweni kagunan kang ora ana watese kanggo mangaribawani wong liya. Arketip kasebut sajrone CRKJT bisa ditemokake sajrone crita rakyat Jaka Bodho Natah Reca. Dewi Arum kang ayu nanging ugungan menahi pangaribawa kang kuat marang paraga Jaka Bodho kaya cuplikan neng ngisor.

“Apa? Aku dipek bojo Jaka Bodho? Iya, aku gelem waton Jaka Bodho bisa nggawekake reca gajah sajroning sawengi!”

“Aku gawe reca gajah, kanggo Dewi Arum. Dewi Arum mau kandha gelem dakrabi yen dakgawekake reca gajah sajroning sawengi.”

“Yen kowe ora bisa marekake aku ya ora gelem mbokpek bojo,” wangsulane Dewi Arum karo namatake reca gajah kuwi.”

(Jaka Bodho Natah Reca, kaca 27-32)

Arketip ibu agung ing crita rakyat kasebut mawujud sajrone figur arketipal Dewi Arum. Arketip kasebut menahi daya marang wong liya kang ora gampang ditampik. Wong liya bakal kesengsem marang apa kang dipocapake pawongan kang nduweni arketip ibu agung kang kuwat kamangka bab kang dipocapake kasebut durung mesthi bener lan pener. Bab kasebut bisa menahi kapitunan tumrap wong liya kang dipangaribawani amarga ndadekake gampang gumantung marang wong liya. Nalika kasunyatan kang diasilake beda saka apa kang dipocapake, wong liya bisa wae banjur ngrasa sedhik, nelangsa, lan nyesel lan bab-bab kaya mangkono oraapik tumrap

kajiwane manungsa. Cuplikan ing dhuwur nuduhake yen Dewi Arum kasil mangaribawani Jaka Bodho supaya gelem nggawekake reca gajah sajrone sawengi minangka syarat yen kepengin nggarwa Dewi Arum. Ananging Dewi Arum kang licik kasil ndadekake pakaryane Jaka Bodho ora rampung. Bab kasebut ndadekake kapitunan marang Jaka Bodho. Dheweke dadi kuciwa amarga kekarepane kanggo nggarwa Dewi Arum ora kasil.

Kawigaten saka ibu kang dirasakake sajrone pribadi lanang utawa wadon kadhangkala tuwuh senadyan ora ana sesambungan personal ing antarane pawongan siji marang liyane. Bab kasebut kang uga diaran Jung minangka bukti anane arketip ibu agung. Arketip kasebut ana sajrone crita rakyat Kembang Kuning Mbarang Jantur kang digambarake lumantar figur Nyi Tumenggung. Panjenengane dicritakake nduweni watak kang seneng tetolung marang wong liya kaya cuplikan ing ngisor.

“Kula mboten angsal anak kula medal king nggriya. Lare estri, napa malih ayune uleng-ulengan, wah ndrawasi. Pinten ta Mase nek nanggap terbang niki?”

“Sang Prabu lan Jaka Kembang Kuning dikanthi sawatara prajurit mapag Dewi Sekartaji. Nyi Tumenggung tiba semapat weruh Sang Prabu rawuh menyang katumenggungan, kuwadir bakal oleh pidana saka sang prabu. Nyi Tumenggung ora ngira manawa anak angkate iku Dewi Sekartaji.”

(Kembang Kuning Mbarang Jantur, kaca 39-44)

Kacaritakake Nyi Tumenggung ngangkat anak marang wong wadon kang ora dimangretni asale. Nyi Tumenggung sayang banget marang anak angkate kasebut. Cuplikan ing dhuwur mujudake bukti kepriye sayange Nyi Tumenggung marang anak angkate nganti anake kasebut ora diolehi metu saka omah amarga wedi digodha wong. Kawigaten kang diwenehake dening Nyi Tumenggung marang wong wadon kasebut, kang wiwitan ora diweruhi sapa sejatine dening Nyi Tumenggung mujudake bukti anane arketip ibu agung sajrone pribadi manungsa.

Ana rong kakuwatan kang direpresentasikake arketip ibu agung, yaiku kesuburan lan pemeliharaan uga kakuwasan lan kabubrahan. Figur arketipal saka arketip ibu agung uga bisa dideleng sajrone CRKJT Ngamuke Dhadhungawuk.

“Sauntara iku ontran-ontran ndhongkel Prabu Jayabaya wis arep diwiwiti. Satekane ing Kediri, Dhadhungawuk banjur malih dadi bantheng, ngamuk ana satengahe kutha.”

“Ndulu para prajurit akeh kang tatu-tatu kena sungu bantheng, pimpinan prajurit banjur prentah ngetokake gaman. Bantheng iku banjur dipedang, ditumbak, lan dipanah. Nanging bantheng ora tatu babar pisan. Malah para prajurit kang padha tatu.”

“Prabu Jayabaya sadhar, manawa bantheng mau wus nylametake piyambake. Ing ngendi bae, wong kang jujur lan tansah tawakal iku yen nemu alangan mesthi ana kang nulungi.”

(Ngamuke Dhadhungawuk, kaca 21-25)

Saperangan cuplikan ing dhuwur nuduhake kepriye

Dhadhungawuk gawe geger ing sakupenge Kraton Kediri. Ing kono Dhadhungawuk gawe ontran-ontran kang ndadekake para prajurit kraton kuwalahan kepara ana kang dadi korban nganti tatu-tatu. Sejatine bab kasebut ora dilakoni kanthi tujuwan golek prakara nanging kepengin nolung Prabu Jayabaya saka wong-wong kang arep ndhongkel kalunguhan Prabu Jayabaya. Tujuwan becik paraga Dhadhungawuk kasebut wiwitane amarga diutus dening gurune yaiku Pendhita Amiluhur kang ngupaya ngewangi Prabu Jayabaya luput saka bebaya. Karusakan lan pitolongan saka Dhadhungawuk marang Prabu Jayabaya kasebut bukti anane arketip ibu agung kang nggambarake rong kakuwatan. Dhadhungawuk bisa menahi pangayoman utawa pemeliharaan kanthi nolungi Prabu Jayabaya lan dheweke uga bisa menahi karusakan saka tumindake kang gawe ontran-ontran ing Kraton Kediri kanggo mancing Prabu Jayabaya metu adoh saka papan panggonane.

Arketip Wong Lanang kang Wicaksana (*Wise Old Man*)

Manungsa sajrone urip ing donya kudu tansah mangretni yen apa kang dilakoni mesthi nduweni biji ala lan apike dhewe-dhewe saengga ora oleh kesusu sajrone tumindak. Pawongan kang wis bisa mikir lan mangretni bab kasebut mujudake pawongan kang wicaksana. Cita rakyat menahi akeh tuladha marang sapa wae kang maca utawa ngrungokake ngeneni kawicaksanan. Arketip wong lanang kang wicaksana diumpamakake utawa diwujudake sajrone mimpi-mimpi minangka bapak, simbah, guru, filsuf, dhokter, utawa imam. Arketip kasebut katon sajrone dongeng-dongeng minangka raja, penasihat, tukang sihir kang mbantu satriya kang ngalami susah.

Figur arketipal saka wong kang wicaksana wiwitan digambarake minangka Prabu Jayabaya.

“Prabu Jayabaya wus wanti-wanti marang rakyat Kediri aja pisan-pisan ngrusak alas. Yen alase nganti rusak, bakal dumadi musibah gedhe, amarga alas ora bakal maneh nahan lan nyimpen banyu udan.”

“Rakyat Kediri sujud lan bekti marang Prabu Jayabaya, amarga Prabu Jayabaya banget wicaksana lan tansah mikirake rakyat.”

(Thothokkerot Njaluk Rabi, kaca 1-7)

Wujud arketip wong lanang kang wicaksana diumpamakake sajrone crita rakyat kasebut minangka raja kaya kang wis diandharake sadurunge. Cuplikan ing ndhuwur minangka buktine. Bisa diwawas yen Prabu Jayabaya nduweni watak kang wicaksana lan salaras karo arketip *wise old man* amarga arketip kasebut nggambarake pawongan kang tansah seneng paring nasihat kang migunani marang wong liya. Prabu Jayabaya minangka raja Kediri saguh menahi katentreman marang rakyat jalanan kaprigelane ngudhali prekara ing sakupenge kanthi

ati-ati lan nggunakake akal budine.

Figur arketipal liyane digambarake minangka Prabu Erlangga. Panjenengane mujudake raja uga rama kang adil lan wicaksana kanggo putra-putrane.

“Prabu Erlangga iku sawijining ratu kang adil. Piyambake ora kersa mbedak-mbedakake marang sok sapaa bae, klebu marang putra-putrane. Sadurunge Raden Ayu Rara Dyah Sangramawijaya, diwarisi Kraton Kediri, Prabu Erlangga wus kagungan rancangan manawa putrane telu bakal diwarisi kraton kabeh.”

“Nalika Dyah Sangramawijaya matur kepengin ambegawan, Prabu Erlangga nglenggana.”

“Empu Bharadha, kula mboten emban cindhe emban siladan dhumateng anak-anak kula. Sapunika kula nyuwun tulung Empu Bharadha malih Medhang punika dados kalih, ingkang sami wiyaripun!”

(Prabu Erlangga Maro Negara, kaca 15-20)

Cuplikan ing dhuwur nuduhake Cuplikan ing ndhuwur nuduhake kapribaden saka paraga Prabu Erlangga kang adil. Jalaran putra Prabu Erlangga ana telu lan kratone mung siji, panjenengane nyuwun tolung marang ramane kanggo menehake maneh kraton Bali saengga yen diparo telu bisa antuk perangan kang pas. Ananging jebule Kraton Bali wis kadhung diwarisake marang adhi Prabu Erlangga saengga kekarepane njupuk maneh Kraton Bali ora kasil. Sauntara iku putra wadon Prabu Erlangga ora gelem dadi ratu amarga nduweni kekarepan dadi pertapa nanging bab kasebut ora ndadekake dukane Sang Prabu kepara panjenengane nglenggana. Sidane Kraton Kediri diparo padha jembare banjur diwarisake marang rong putra lanange. Sipat ngupayakake bab kang paling becik kanggo anake, adil lan legawane Prabu Erlangga kasebut mujudake bukti konkret saka anane arketip *wise old man*.

Figur arketipal liyane digambarake minangka Pandhita Bhagawanta Bari. Panjenengane mujudake pawongan kang diaji-aji ing Desa Siman.

“Ki Bhagawanta Bari, ngantos titiwancinipun dinten punika dereng wonten jawah. Kamangka sumur-sumur sampun sami asat. Tuk sampun mboten medal toyanipun malih. Sendhang sampun dangu asatipun.”

“Sabar kisanak, mangga kita mawas dhiri, kening menapa Gusti Inggang Maha Wikan paring pacoban dhumateng kita sedaya.”

“Panci leres kisanak! Nanging mbokmenawi wonten tindak-tanduk kita ingkang klintu dhumateng lingkungan kita!”

(Asal-usule Kali Serinjing, kaca 33-37)

Cuplikan ing dhuwur nalika warga Siman nyuwun pitolongan marang Pandhita Bhagawanta kang banjur ditanggepi kanthi cara kang wicaksana. Panjenengane ora sembarang menepi pandakwa marang apa kang ditindakake dening wargane. Panjenengane wiwitan nyuwun para wargane pada mawas dhiri. Pandhita Bhagawanta ndadekake wargane melu mikir kena ngapa nganti ana kadadean ketiga ngerak kang dawa, apa ana

gegayutane kalawan sola tingkahe para warga. Bab kasebut ndadekake para warga nduweni pola pikir kang sehat kang ora sakarepe dhewe nyalahake kahanan nanging uga melu ngilo githok. Arketipe *wise old man* ndadekake paraga Pandhita Bhagawanta nduweni solah tingkah kang becik lan ndadekake panjenengane dadi pawongan kang lembah manah lan ora tau kesusu menepi pandakwa ala marang wong liya.

Arketip Satriya utawa Hero

Arketip satriya akeh wujud sajrone crita-crita rakyat, dongeng, utawa legenda. Arketip kasebut sajrone crita-crita rakyat mangkono nduweni fungsi minangka tuladha kanggo manungsa supaya dadi pribadi kang becik. Jung (Sajrone Semiun, 2013:67) ngandharake yen satriya sajrone mitologi lan dongeng minangka pawongan lanang kang kuwat banget, kadhang dadi kaya dewa kang perang karo lawan-lawan kang uga kuwat wujud naga, monster, ula, utawa iblis-iblis.

Arketip kasebut sajrone CRKJT akeh mawujud figur arketipal kang arupa paraga raja, bupati, utawa prajurit. Crita rakyat wiwitan kang bisa ditemokake arketip satriyane yaiku CRKJT Thothokkerot Njaluk Rabi. Crita kasebut bisa dideleng figur arketipale kang digambarake lumantar paraga Prabu Jayabaya kang kasil ngasorake buta aran Thothokkerot.

“Prabu Jayabaya kang mireng lapuran saka prajurite enggal tumandang, supaya rakyat lan prajurite ora akeh kang dadi kurban. Nitik para prajurit ora ana kang bisa ngadhepi, mesthi raseksi Thothokkerot iku raseksi kang nduweni aji jaya kawijayan.”

“Prabu Jayabaya ora kurang akal. Aji-ajine ditamatake. Prabu Jayabaya sugih aji kawijayan. Gagal aji siji, ganti aji-aji sijine maneh. Sarandune awake Thothokkerot ditibani jotosan lan tempilingan sarta tendhangan. Nalika jotosane Prabu Jayabaya pas kena pilingane Thothokkerot, Thothokkerot njerit sora suwarane nggegirisi kaya bledheg. Bareng karo kuwi, wewujudane Thothokkerot malih dadi reca watu kang ana pawujudane tekan seprene.”

“Rakyat Kediri bali bungah atine, banjur padha ngaturake gunging panuwun marang Prabu Jayabaya.”

(Thothokkerot Njaluk Rabi, kaca 1-7)

Tanpa rasa geter, Prabu Jayabaya tansah nyerang Thothokkerot kaya cuplikan ing ndhuwur, nganti buta kasebut kalah lan pungkasan dadi reca. Bab kasebut mujudake bukti konkret arketip hero utawa satriya. Paraga Prabu Jayabaya sajrone CRKJT bisa diaran satriya pandhita kaya sajrone teori arketip Jung amarga mujudake figur kang nduweni arketip hero uga arketip wong lanang kang wicaksana kang gayut siji lan sijine.

Crita liyane kanthi judhul Watu Banteng Bupati Kediri uga nduweni paraga kang dianggep satriya kaya ing ndhuwur. KARM Jaya Hadiningrat minangka paraga

utama sajrone crita mujudake sosok Bupati kang tansah nglawan marang pamrintahan Landa kaya saperangan cuplikan ing ngisor.

“Kanjeng Bupati asring rembugan karo patih lan pembantune sing dipercaya sarta tokoh masyarakat Kabupaten Kediri ngrembug nasibe rakyat sing tambah sengsara.”

“KARM Jaya Hadiningrat minangka Bupati Kediri wis gilig tekade. Rakyat Kediri kudu dislametake. Asil tetanen kadang tani Kediri sing asile gemah ripah loh jinawi kudu dinikmati rakyat Kediri.”

“Kanjeng Bupati menggalih, anak buahe ora sepiraa akehe. Gamane mung barang landhep. Yen dijak nglawan Walanda mesthi anak buahe tumpes. Ora wurung mung gawe korban kang tanpa ana gunane. Mula kanjeng Bupati banjur mudhun saka cekar, nyerah marang Walanda.”

“Kanjeng Bupati minangka wakile rakyat wus berjuang mbela rakyat. Pancen kudune pemimpin iku mbela rakyat. Mula asmane Bupati Kanjeng Adipati Raden Mas Jaya Hadiningrat tansah arum nganti saiki.”

(Watu Bantheng Bupati Kediri, kaca 9-14)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake kepriye Kanjeng Bupati tansah ngupayakake kasejahteran kanggo rakyat. Panjenengane tansah ngrekadaya nglawan Landa kang tansah gawe nelangsane rakyat Kediri nalika semana. Cundhuk kalawan teori, bab-bab kasebut nuduhake yen Kanjeng Bupati mujudake paraga kang sajrone dhirine ana arketip satriya kang onjo.

Saliyane iku, Jung (sajrone Semiun, 2013:63) ngandharake yen arketip satriya direpresentasikake sajrone mitologi lan dongeng-dongeng minangka sawijine pawongan lanang kang kuwat, kadhang nduweni peran kaya dewa kang perang nglawan lawan-lawan kang padha kuwate kaya naga, monster, ula, utawa iblis. Nanging pungkasane satriya dikalahake dening pawongan utawa kedadean kang ora wigati banget. Kanjeng Bupati ing ndhuwur dicritakake nyerah kalawan Landa. Panjenengane sejatine paraga kang tekade kuat, sugih akal, lan wani. Ananging amarga nalika iku panjenengane wis dicegat kanthi gaman kang pepak dening serdhadhu Landa lan ndeleng cacahé anak buahe kang saithik, pungkasane Kanjeng Bupati nyerah ngono wae. Kalahe Kanjeng Bupati kasebut mujudake bukti saka arketip satriya KARM Jaya Hadiningrat kang liyane.

Arketip *hero* utawa satriya liyane mawujud figur arketipal Ki Dipayuda. Cherry (2019) ngandharake yen satriya nduweni karakter kayata preduli marang wong liya, nduweni kagunan kang apik sajrone ndeleng sawijine prekara saka sudut pandang liya, nduweni kapercayan dhirine, nduweni salah tingkah lan moral kang becik, nduweni kasekten, ora tau wedi, lan ora gampang nglokro. Paraga Ki Dipayuda bisa diaran nduweni sakabehane karakteristik satriya kaya kang kaandharake. Ki Dipayuda mujudake prajurit saka Pangeran Diponegara kang kasil lolos saka tawanan Landa.

“Saka Gempolgarut pasukane Dipayuda terus nglawan Landa. Landa ing wilayah Kediri lan sakiwa-tengene dadi kuwalahan ngadhepi perlawanan Dipayuda.”

“Landa tansaya sengit marang Dipayuda. Bala saka Madiyun lan Jombang ditekakake. Gempolgarut kinampung wakul binaya mangap. Nanging Dipayuda lan prajurite ora gigrig atine.

Nalika Landa ngudani mimis ing Gempolgarut, uga banjur diwales dening prajurit Dipayuda. Dipayuda banjur ngetokake bandhil Sapta Bayu. Sanalika tuwuh udan deres lan angin lesus. Prajurit Landa bali kocar-kacir.”

(Sumpahe Ki Dipayuda, kaca 45-49)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen paraga Dipayuda sajrone crita rakyat Sumpahe Ki Dipayuda pantes diaran nduweni karakter satriya. Nalika iku Pangeran Diponegara ditawan dening Walanda ing jaba pulo Jawa nanging para prajurite kasil lolos. Senadyan wis kelangan Pangeran Diponegara, prajurit-prajurit kasebut ora gelem asrah bongkokan kepara terus berjuang merdekakake rakyat Nuswantara. Sangisore kapimpinan anyar yaiku kapimpinan Ki Dipayuda, ing Gempolgarut kasebut, dheweke bebarengan prajurit liya ngrantam kakuwatan. Ki Dipayuda lan prajurit liyane senadyan dikepung dening pasukan tambahan Walanda kasebut tetep ora gigrig atine. Prajurit Ki Dipayuda wis nduweni akeh pengalaman nalika perang ana Guwa Slarong bebarengan Pangeran Diponegara. Ki Dipayuda uga mageri desa kasebut kanthi kakuwatan gaib supaya warga Gempolgarut ora bisa dilarani dening Walanda. Bab-bab kang ditindakake dening Ki Dipayuda kasebut mujudake bukti saka rasa preduline marang bangsa lan negarane. Kabeh kabecikan kang ditindakake dening paraga Ki Dipayuda kasebut tanpa disadhari asil saka anane arketip *hero* utawa satriya sajrone kapribadene kang nyengkuyung dheweke nduweni karakter kang cocok minangka pimpinan prajurit utawa satriya kang sejati.

Karakteristik satriya liyane ana sajrone kapribaden paraga Trunajaya ing CRKJT judhul Kleting Kuning Ambyur Kali. Paraga kasebut dicritakake minangka pimpinan prajurit kang teka menyang Kediri kanthi tujuan nglawan Walanda lan njaga katentreman Nuswantara. Trunajaya minangka prajurit nuduhake salah tingkah kang becik lan gagah prawira. Bab kasebut bisa dideleng kaya cuplikan ing ngisor.

“Ing sawijining dina, Kediri ketekan prajurit sapirang-pirang. Prajurit iku dipimpin dening Trunajaya. Trunajaya iku darbe gegayuhan ngusir Landa saka bumi Nuswantara. Sajroning perang, Trunajaya tansah gawe kapitunan kang gedhe tumrap Landa. Akeh serdhadhu Landa kang tiwas dening prajurite Trunajaya.”

“Karo ngenteni jawaban saka Kleting Kuning, Trunajaya tambah sengkut anggane nyerang Landa. Miturut Trunajaya sasuwene Nuswantara dijajah negara liya, rakyat bakal tansah sengsara. Mula dheweke sengite marang Landa nganti kepati-pati.”

(Kleting Kuning Ambyur Kali, kaca 50-54)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake paraga Trunajaya minangka prajurit kang wani kurban tenaga, wayah, lan kasenegane dhewe demi Nuswantara. Minangka pawongan lanang biyasa, dheweke nduweni kekarepan kanggo bisa nyandhing pepujane ati, Kleting Kuning. Ananging amarga wayah iku Trunajaya uga ana sajrone misi njaga katentreman Nuswantara, dheweke lila lan sabar kudu nyingkirake sedela kekarepane kanggo ngrengkuh Kleting Kuning minangka garwane. Trunajaya kudu tansah fokus marang panggaweyane.

Jung (sajrone Jeffry, 2017) ngandharake yen sejatine prestasi pahlawan utawa satriya yaiku kasil menang saka bayang-bayang ing alam bawah sadhare. Paraga Trunajaya dicritakake bola-bali nekani papan panggonan Kleting Kuning kanggo nglamar dheweke. Ananging Kleting Kuning mesthi nginggati Trunajaya kaya-kaya emoh digarwa dening Trunajaya. Nalika weruh kahanan kaya mangkono Trunajaya ora banjur meksa Kleting Kuning amarga dheweke uga eling yen ing Kediri, dheweke nduweni tugas minangka prajurit kang kudu tansah ngayomi warga. Trunajaya terus sabar ngenteni wayah nganti Kleting Kuning gelem nampa lamaran Trunajaya. Trunajaya ing crita kasebut kasil nglawan ambisine kanggo mengku Kleting Kuning minangka garwa. Arketip satriya kang ana sajrone kapribaden Trunajaya kasil nyengkuyung dheweke dadi pribadi kang nduweni saora-orane saithik rasa sabar kanggo nggayuh impene.

Arketip Dhiri utawa *self*

Semiun (2013: 70-71) ngandharake yen arketip *self* katone nggambarake keseimbangan utawa kakompakan saka sakabehane perangan kapribaden, sawijine *asimilasi* proses sadhar lan ketidaksadaran saengga pusat kapribaden pindhah ing antarane sadhar lan ora sadhar. Konflik wis ora nduweni fungsi maneh ing tahap iki. Ing taraf iki, sawijine pawongan bisa nemokake kautuhan lan kaseimbangan. Manungsa wis bisa diaran manungsa kang sejatine.

Arketip dhiri bisa ditemokake sajrone maneka crita rakyat. Swijine ditemokake kanthi mawujud figur arketipal Trunajaya.

“Trunajaya nyoba sabar. Dheweke banjur bali kumpul karo, prajurite. Niyate mengku Kleting Kuning wis gilig. Atine disabar-sabarake, suwe-suwe Kleting Kuning mesthi luluh atine.”

“Sawise dienteni nganti suwe ora ana jawaban saka Kleting Kuning, Trunajaya entek kesabarane. Dina iku Trunajaya sengaja teka menyang omahe Mbok Randha Dhadhapan. Dheweke wis ora bisa disemayani.”

“Trunajaya rumangsa getun. Dheweke sadhar manawa sejatine Kleting Kuning duwe hak kanggo nulak utawa nampa sawijining lamaran. Wong liya ora kena meksa. Kleting Kuning duwe hak cundhuk karo apa sing dadi gegayuhane dhewe. Nanging kabeh wus kebanjur, kari getune. Ing batin Trunajaya janji manawa ora bakal meksa wong liya

maneh nuruti kekarepane.”

(Kleting Kuning Ambyur Kali, kaca 50-54)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake kapribaden paraga Trunajaya. Wiwitan dheweke mujudake pawongan kang nduweni rasa sabar kang cukup ananging tansaya suwi amarga kesuwen mendhem kekarepan nggarwa Kleting Kuning ndadekake dheweke muntab. Trunajaya kang terus ndhedhes Kleting Kuning ndadekake Kleting Kuning duwe niat nglungani Trunajaya. Kleting Kuning mlayu nglungani Trunajaya nganti teka Kali Brantas. Trunajaya kang nyoba nguber Kleting Kuning saya suwi saya cedhak parane, Kleting Kuning kang bingung pungkasane meksa ambyur ing Kali Brantas. Trunajaya kang meruhi kadadean kasebut nyoba nolungi Kleting Kuning. Emane, saking bantee iline banyu kali, Trunajaya ora kasil nolungi Kleting Kuning. Kleting Kuning banjur ditemokake wis dadi layon. Kadedan kasebut ndadekake paraga Trunajaya sedhik lan rumangsa getun amarga wis meksa Kleting Kuning dadi garwane kamangka Kleting Kuning nduweni hak kanggo nemtokake uripe dhewe. Sabubare kadadean kasebut Trunajaya pungkasane dadi sadhar banjur janji ora bakal meksa wong liya maneh nuruti kekarepane.

Proses saka wiwitan Trunajaya minangka pribadi kang sabar banjur owah dadi pribadi kang liyane yaiku pribadi kang seneng meksa kekarepan nganti pungkasane dadi pribadi kang sadhar kepriye sejatine kudu tumindak mujudake bukti anane arketip *self* sajrone kapribaden paraga Trunajaya. Kabeh perangan komponen kapribaden sawijine pawongan padatan bakal ngrembaka luwih dhisik sadurunge *self* iku tuwuh. Kabeh kadadean kang wis dialami dening Trunajaya ndadekake dheweke pribadi kang utuh kang bisa digunakake minangka piranti kanggo urip luwih becik ing tembe buri.

Arketip dhiri liyane mawujud figur arketipal kang digambarake paraga Bupati Jaya Hadiningrat. Paraga Kanjeng Adipati Raden Mas (KARM) Jaya Hadiningrat mujudake pamimpin kang tansah migatekake karaharjaning kawula alit kaya cuplikan ing ngisor iki.

“Miturut KARM Jaya Hadiningrat perang ora kudu dilawan kanthi perang. Barang atos ora kudu dilawan kanthi atos uga. Watu karang kae nyatane uga kalah karo banyu kang tumetes saka ndhuwur, suwe-suwe kegerus.”

“Kanjeng Bupati menggalih, anak buahe ora sepiraa akehe. Gamane mung barang landhep. Yen dijak nglawan Walanda mesthi anak buahe tumpes. Ora wurung mung gawe korban kang tanpa ana gunane. Mula Kanjeng Bupati banjur mudhun saka cekar, nyerah marang Walanda.”

(Watu Bantheng Bupati Kediri, kaca 9-14)

Kaya kang wis diandharake sadurunge, KARM Jaya Hadiningrat seneng rembugan kalawan para punggawane lan tokoh masyarakat. Panjenengane babar pisan ora nduweni kekarepan males Walanda kanthi cara perang amarga panjenengane nduweni pamanggih yen sembarang prekara mesthi ana carane ngrampungake kanthi becik. Arketip *self* kang ana sajrone KARM Jaya Hadiningrat nyengkuyung panjenengane nduweni karakter

kang ora gampang tumindak sembrana utawa tansah ngati-ati. Panjenengane bisa menehi kontrol marang rasa gethingé tumrap Walanda. Bab kasebut uga katon nalika Kanjeng Bupati dumadak dicegat dening prajurit Walanda kanthi gaman pepak nalika ana perjalanan kanggo wawan rembug kalawan tokoh masyarakat ing sakupeng Kediri kaya padatan.

Nalika Kanjeng Bupati dikepung iku, panjenengane banjur nemtokake keputusan kanggo nyerah marang Walanda kanggo ditangkep. Sejatine bisa wae Kanjeng Bupati maju nglawan ananging panjenengane mangretni yen kaya mangkono bakal nuwuhake korban luwih akeh. Kagunane KARM Jaya Hadiningrat menehi kontrol marang egone kanggo nylametake dhiri lan ora ngurbanake prajurite mujudake bukti anane arketip *self* sajrone kapribadene.

Arketip dhiri utawa *self* iki ana sesambungane kalawan pengalaman-pengalaman religius sajrone uripe manungsa. Saliyane mawujud figur arketipal kaya ing ndhuwur, ana maneh digambarake paraga Ki Bhagawanta Bari. Panjenengane mujudake pandhita kang sabar lan kerep tetulung marang sapadha-padha. Paraga kasebut tansah nenuwun marang Gusti Allah lan tawakal. Luwih cethane bisa dideleng saka cuplikan ing ngisor.

“Sabar kisanak, mangga kita mawas dhiri, kening menapa Gusti Inggang Maha Wikan paring pacoban dhumateng kita sedaya.”

“Ki Bhagawanta Bari, rumaos kula sedaya warga Siman ngriki tansah ngabekti dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos. Ibadahipun inggih mboten natos gothang.”

“Sedaya punika ingkang ngatur Gusti Inggang Murbeng Dumados. Pramila mangga, mangga kita tansah nenuwun mugu-mugu Dhusun Siman enggal dipun paringi jawah. Menawi kita sesarengan nyuwun dhumateng Gusti Allah, Insha Allah, badhe dipun paringi!”

(Asal-usule Kali Serinjing, kaca 33-37)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen paraga Ki Bhagawanta Bari seneng tetolung marang warga Siman. Nalika warga Siman padha susah amarga lagi ketiga ngerak saengga sumur-sumur padha asat, warga Siman ngarepake eguh pratikele Ki Bhagawanta minangka pandhita ing kono. Ki Bhagawanta tansah menehi piweling marang warga Siman supaya tansah eling marang Gusti Allah. Panjenengane percaya yen manungsa minangka ciptaan Gusti Allah kudu tansah nindakake kuwajibane marang Gusti saliyané kanthi cara ibadah uga kudu tansah njaga alam. Kabeh iku mujudake yen sajrone pribadine Ki Bhagawanta ana arketip *self* kang nyengkuyung panjenengane minangka manungsa kang utuh, manungsa kang sejatine.

Arketip dhiri saliyané mawujud kanthi figur arketipal uga mawujud kahanan arketipal. Crita-crita rakyat kang kondhang nganti zaman iki akeh kang nyritakake laku batin sawijine pawongan. Kabeh laku kang

asipat kebatinan kayata tapa utawa semedi kaya sajrone crita-crita rakyat kasebut mesthi nengenake penghayatan ora mung nengenake logika wae kanthi tujuwan apa kang dikarepake bisa kasil.

“Ing kono Sang Pandhita muja semedi, ngadhep marang Gusti Kang Murbeng Dumadi, supaya ketiga dawa ing Dhusun Siman enggal dipungkasi.”

“Sajroning muja semedi Ki Bhagawanta Bari antuk wisik saka Gusti Allah. Sawise ngaturake gunging panuwun marang Gusti Allah kang wus paring pituduh, piyambake banjur mandheg anggone semedi, metu saka sanggar pamujan.”

“Kanthi nyebut asmaning Allah, blarak iku disabetake lemah, cethaaar! Bebarengan karo sabetane blarak, dumadakan keprungu bledheg mangampar-ampar disusul swara gludhug. Ing langit mendhunge anggendan. Ki Bhagawanta Bari ngaturake panuwun marang Gusti Allah, tandha-tandha udan bakal teka.”

(Asal-usule Kali Serinjing, kaca 33-37)

Laku batin kaya cuplikan ing ndhuwur ana sesambungane kalawan arketip *self* amarga arketip kasebut bisa nyengkuyung patrape manungsa lan ndadekake manungsa nggoleki kautuhan mligine kanthi cara-cara kang dicawisake agama. Paraga Pandhita Ki Bhagawanta Bari supaya bisa nolung warga Siman kang kasusahan banyu banjur nglakoni semedi kanthi tumemen. Penghayatan kasebut tuwuh saka arketipe *self* sajrone pribadine paraga Ki Bhagawanta saengga tuwuh sugesti kang ndadekake paraga kasebut percaya yen apa kang dilakoni bakal entuk pitolongan saka Gusti Allah.

Figur arketipal liyané digambarake lumantar paraga Empu Bharadha. Paraga Empu Bharadha diutus dening Prabu Erlangga maro Kraton Medhang kang bakal diwarisake marang putra-putrane supaya adil. Bab kasebut ndadekake Empu Bharadha ngupaya supaya bisa nyembadani apa kang diutusake dening Prabu Erlangga kaya cuplikan ing ngisor.

“Sapunika kula nyuwun tulung Empu Bharadha malih Medhang punika dados kalih, ingkang sami wiyaripun!” ngendikane.

“Bengine Empu Bharadha banjur mundhut kendhi lan diiseni banyu. Sawise ngucapake mantra, Empu Bharadha kang sekti mabur ing sandhuwure wewengkon Kraton Dhaha,..... Amarga sektine Empu Bharadha, lemah sing kena pancurane banyu kendhi iku malih dadi kali, nyigar wewengkon Daha dadi loro, Jenggala lan Panjalu.”

(Prabu Erlangga Maro Negara, kaca 15-20)

Mantra kang diucapake dening Empu Bharadha kaya cuplikan ing ndhuwur mujudake bukti anane arketip *self* sajrone paraga Empu Bharadha. Paraga Empu Bharadha minangka manungsa, percaya yen sawise nglakoni sawijine laku batin banjur maca dedonga utawa mantra, mesthi apa kang dikarepake bakal kasil. Zaman biyen mantra-mantra kaya mangkono diduweni mung dening pawongan-pawongan tartampu. Padatan sadurunge entuk mantra kang mandi utawa kasekten utawa kanggo

nggayuh kekeparepan kudu nglakoni bab-bab tartamtu kayata tirakat, semedi utawa tapa kaya kang wis diandharake ing dhuwur. Sakabehane tumindak manungsa ing donya iki ora bisa uwal saka Gusti Kang Maha Kuwasa. Maneka kekeparepan lan rancangan manungsa ora bakal bisa kasil tanpa kuwasaning Gusti Pangeran. Kapercayane marang Gusti Allah kasebut kang tuwuh amarga disengkuyung arketip *self*.

Fungsi Crita Rakyat minangka Kaca Pangilon

Crita rakyat mujudake kaca pangilon ngenani kekeparepan sawijine masyarakat tartamtu tumrap uripe. Semana uga CRKJT kang nduweni fungsi minangka sistem proyeksi utawa kaca pangilon. Crita Thothokerot Njaluk Rabi mujudake kaca pangilon saka wong wadon kang ngrasa yen dheweke nduweni sawijine kaluwihan saengga pilih-pilih anggane golek bojo. Saliyane iku paraga Thothokkerot sajrone crita rakyat kasebut uga mujudake kaca pangilon saka pawongan kang nggayuh kekeparepane kanthi cara kang ala.

“Thothokkerot dhewe olehe gawe ontran-ontran iku amarga mung anggane pengin ketemu karo Prabu Jayabaya.”

“Kanggo golek kawigatene Prabu Jayabaya lan kawula ing Kediri Thothokkerot malah gawe ontran-ontran, mamerake kasektene. Karepe Thothokkerot mono supaya Prabu Jayabaya rumangsa eram marang kasektene. Prabu Jayabaya banjur kersa nggarwa Thothokkerot.”

“Rumangsane Thothokkerot ora ana wong kang sekti mandraguna kejaba dheweke. Mung wong kang bisa nandhingi kasektene kang pantes dadi sisihane.”

(Thothokkerot Njaluk Rabi, kaca 1-7)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake kepriye kapribadene paraga Thothokkerot. Dheweke mujudake buta kang nduweni rasa umuk ngenani kabisane lan nduweni kekeparepan kudu bisa nyandhing utawa digarwa dening wong lanang kang sampurna tanpa ndeleng kakurangan sajrone dhirine. Apa kang dilakoni dening Thothokkerot kasebut nuduhake yen dheweke nduweni salah tingkah kang ala, senadyan dheweke sekti mandraguna ananging kasektene digunakake kanggo bab kang ala. Bab kasebut mujudake bukti yen crita rakyat Kediri uga nduweni fungsi minangka kaca pangilon saka uripe pawongan ing kasunyatan. Isih akeh manungsa kan umuk karo kaluwihane. Ngrasa nduweni kaluwihan banjur tumindak sakarepe dhewe marang wong liya. Tanpa ndeleng marang sapa lan kahanan kaya ngapa, pawongan kasebut tansah gawe getun wong liya amarga sipat umuke kasebut. Ora saithik pisan pawongan kang nalika nduweni kekeparepan banjur nglakoni tumindak kang ora pener utawa nggunakake cara kang ora sah. Tanpa dinyana tumindak kang ora pener kasebut ndadekake kapitunan kepara

marakake getun lan kuciwane wong liya lan awake dhewek.

Saliyane iku, kanthi citra paraga kang meh padha, ana paraga Dewi Arum sajrone crita rakyat judhul Jaka Bodho Natah Reca kang uga bisa dadi kaca pangilon saka wong wadon kang rasa umuke gedhe lan nduweni karep disandhing wong lanang kang sampurna

“Nalika iku ana sawatara bocah wadon kang liwat ing guyanan kono. Salah sijine bocah wadon iku aran Dewi Arum. Dheweke bocah wadon kang paling ayu ing desa kono. Nanging eman, sanajan ayu rada ugungan, tindak-tanduke sok kepara sombong.”

“Dhasar ugungan, tanpa dinyana-nyana Arum mangsuli sembrana. Karepe mono nyepelekake marang Jaka Bodho sing plonga-plongo. Dhasar bocah wadon ngrumangsani yen ayu.”

“Dewi Arum banjur mulih. Atine rumangsa lega ora sida dadi bojone Jaka Bodho. Dheweke rumangsa pinter wis bisa ngapusi Jaka Bodho.”

(Jaka Bodho Natah Reca, kaca 27-32)

Dicritakake Dewi Arum kang paling ayu sedesane menahi sayembara kanggo Jaka Bodho kang tingkah polahe mboadhoni. Karepe nyepelekake Jaka Bodho lan ngira yen Jaka Bodho ora bakal kasil. Ananging malah sayembara kang diwenehake marang Jaka Bodho meh kasil dilakoni. Rumangsane bocah kang ayu dhewe ing desane, Dewi Arum emoh yen bisa dirabi Jaka Bodho banjur golek cara supaya sayembarane Jaka Bodho ora kasil. Dewi Arum kang ugunan, licik, lan wis mblenjani janjine marang Jaka Bodho kasebut ngunduh wohing pakerti. Dewi Arum konangan yen lagi ngandheg ananging tanpa garwa, dheweke diwales dening Gusti Allah amarga salah tingkahe dhewe kang ala. Zaman saiki akeh banget wong lanang utawa wadon kang ugungan karo wujud fisike. Rumangsane ayu lan ganteng banjur menahi pambiji marang wong sakarepe dhewe tanpa ndeleng kabecikane.

Paraga Jaka Bodho sajrone crita rakyat Jaka Bodho Natah Reca uga mujudake kaca pangilon ngenani anane katresnan saka sawijine pawongan marang lawan jinise. Manungsa mesthi nduweni kekeparepan bisa sesandhingan kalawan lawan jinis kang disenengi. Bab kasebut ndadekake pawongan kang lagi ketaman asmara kasebut lila nglakokake apa wae kanggo ngrengkuh pepujane atine kalebu nglakokake cara-cara kang bisa ngrugikake pribadine dhewe. Supaya luwih cetha, bab kasebut bisa dideleng saka cuplikan ing ngisor.

“Apa? Aku dipek bojo Jaka Bodho? Iya, aku gelem waton Jaka Bodho bisa nggawekake reca gajah sajroning sewengi!”

“Tenan ta kuwi Arum? Engko bengi dakgawekake reca gajah kanggo kowe cah ayu. Aku seneng kowe bisa dadi bojoku,”

“Aku gawe reca gajah kanggo Dewi Arum. Dewi Arum mau kandha gelem dakrabi yen dakgawekake reca gajah sajroning sewengi.”

“Kabeh padha nduwe panemu manawa Jaka Bodho ora bakal bisa gawe gajah sajroning sawengi. Nanging Jaka Bodho ora maelu suwara guyu lan surak iku malah nambahi semangat.”

(Jaka Bodho Natah Reca, kaca 27-32)

Jaka Bodho dicritakake kaya cuplikan ing dhuwur nampa sayembara nggawe reca sajrone sawengi saka Dewi Arum supaya Dewi Arum gelem didadekake garwane. Yen dipikir nganggo logika utawa akal sehat, natah reca mono mujudake panggaweyan kang ora gampang, butuh wektu kang suwi kanggo ngasilake reca kang apik lan kukuh. Ananging saking senenge Jaka Bodho marang Dewi Arum, ditantang kaya mangkono, Jaka Bodho gelem lan manut wae. Emane omongan Dewi Arum kasebut mung abang-abang lambe, sejatine Dewi Arum ora gelem dirabi dening Jaka Bodho.

Crita kasebut nggambarake pawongan kang amarga tresna banjur tumindak ing sanjabane nalar. Bab kang sejatine angel kasil meksa dilakoni kanthi pengarep bakal ana welas asih kang tuwuh saka pepujane atine sawise ndeleng kepriye rekasane pawongan kasebut. Ing zaman iki, ing sakupenge kaum milenial bab kasebut diaran bucin utawa budhak cinta. Pawongan dadi ilang nalare amarga saking tresnane marang wong liya kaya kang dicritakake ing crita rakyat Jaka Bodho Natah Reca kasebut.

Crita rakyat tartamtu kala-kala nduweni fungsi minangka kaca pangilon ngenani sistim politik kang ana ing Indonesia. Indonesia dudu negara kang nduweni sejarah kudeta militer kang dawa ananging bab kasebut bisa uga kedadean sawayah-wayah ing pamrintahan tanpa dinyana-nyana. Crita rakyat Kediri sajrone CRKJT kanthi judhul Ngamuke Dhadhungawuk mujudake sawijine crita rakyat kang critane kaya-kaya nggambarake kahanan pamrintahan ing zaman-zaman saiki, ing ngendi akeh oknum kang nduweni kekarepan nguwasani politik Indonesia kanthi cara ndompleng kakuwasan pejabat kang lagi mimpin.

“Prabu Jayabaya wektu iku lagi sedhah penggalih, marga oleh lapuran manawa ana punggawane kang bakal kraman utawa brontak marang Sang Prabu. Punggawa kang brontak iku pengin ngendhah kalungguhane Prabu Jayabaya.”

Wong-wong kang bakal brontak iku sejatine wong-wong sing dipercaya dening Prabu Jayabaya. Amarga kelakuane sing tansah darbe melik, ora nduwe niat males kabecikane Prabu Jayabaya, malah bakal njongkeng kaprabon. Wis diparingi pangkat nanging malah bakal ndhongkel Prabu Jayabaya.”

“Tanpa dinyana-nyana wong-wong iku banjur ngroyok Sang Pandhita. Wong-wong iku ngerti manawa Sang Pandhita kapercayane Prabu Jayabaya kang tansah aweh iguh pratikel. Mulane, Sang Pandhita niat kaprajaya.”

“Pandhita Amiluhur banjur nyritakake sapa kang nedya mrajaya dheweke. Wong-wong iku kang bakal ndhongkel kawibawane Prabu Jayabaya.”

(Ngamuke Dhadhungawuk, kaca 21-25)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake Prabu Jayabaya kang lagi sedhah penggalih amarga oleh laporan manawa ana punggawane kang brontak marang Sang Prabu. Wong-wong kang brontak kasebut sejatine wong-wong kapercayan Prabu Jayabaya, kang wis diwenehi pangkat sajrone pamrintahan Prabu Jayabaya nanging kelakuane tansah nduweni rasa iri marang apa kang diduweni dening wong liya. Kahanan kaya mangkono mujudake kaca pangilon saka kahanan politik dina-dina iki. Prabu Jayabaya sajrone crita rakyat kasebut digambarake minangka pawongan kang nduweni kakuwasan paling dhuwur sajrone nglakokake sistem pamrintahan lan Pandhita Amiluhur minangka pawongan sajrone sawijine partai koalisi kang melu nyengkuyung partai kang dicekel dening pawongan kang nduweni kakuwasan. Akeh rakyat utawa anggota partai politik kang padha tukar padu amarga mbelani partai koalisine dhewe-dhewe. Padha-padha nduweni kekarepan kanggo menang, kanggo nduweni kakuwasan ora ngreti kanthi tujuan apik utawa ala. Saperangan oknum kang kepengen nduweni kakuwasan kanthi tujuan kabutuhan pribadi, padatan uga nganti ana kang tumindak ala kaya kang dicritakake ing crita rakyat kasebut.

Padatan pawongan-pawongan kang melu-melu khianat utawa brontak kaya mangkono uga amarga kurang bisane njaga hawa nepsu. Urip ayem tanpa mikir bakal kasusahan ing tembe mburi amarga anane iming-iming urip kepenak saka sawijine oknum kadhang ndadekake manungsa angel nampik kanggo tumindak ala. Bab kasebut digambarake ana sajrone crita rakyat Watu Bantheng Bupati Kediri kang bisa dideleng saka cuplikan ing ngisor.

“Walanda wiwit masang telik sandhine. Emane sing dadi telik sandi iku rakyat Kediri dhewe sing ngathok marang Walanda. Mung marga pengin urip kepenak, lan sugih sarwa kecukupan, wong kang dadi telik sandi mau mentala ngurbanake bangsane dhewe, kalebu bupati.”

(Watu Bantheng Bupati Kediri, kaca 9-14)

Lumantar cuplikan deskriptif ing dhuwur, bisa dideleng yen ana crita ngenani pawongan kang melu nyengkuyung panjajah kanthi cara dadi telik sandine Walanda. Iming-iming urip kepenak, sugih, lan sarwa kacukupan ndadekake pawongan-pawongan kasebut mentala ngurbanake bangsane dhewe. Kadhang, harta tansah dadi bab kang wigati sajrone uripe manungsa. Bab kasebut ndadekake manungsa bakal nglakoni apa wae kanggo ngasilake harta utawa paling ora ngasilake dhuwit senadyan lumantar cara kang ala. Bab kasebut mujudake bukti anane fungsi sistem proyeksi utawa kaca pangilon sajrone crita rakyat kang nuduhake yen ana pawongan-pawongan kang bisa khianat marang tuwan utawa negara lan bangsane dhewe mung kanggo prekara pribadi ing kasunyatan.

Saliyane kaca pangilon saka pawongan-pawongan

kang khianat marang tuwan utawa bangsa lan negarane dhewe, ana uga kaca pangilon kang nuduhake kahanan suwalike. Bab ngenani kasetyane abdi marang tuwane uga kerep ditemokake sajrone maneka crita rakyat.

“Prabu Erlangga banjur ngutus Empu Bharadha menyang Bali, ngadhep ramane Prabu Erlangga.”

“Empu Bharadha kula mboten emban cindhe emban siladan dhumaten anak-anak kula. Sapunika kula nyuwun tulung Empu Bharadha malih Medang punika dados kalih, ingkang sami wiyaripun!”

“Bengine Empu Bharadha banjur mundut kendhi lan diiseni banyu. Sawise ngucapake mantra, Empu Bharadha kang sekti mabur ing sandhuwure wewengkon Kraton Daha, kendhi kang diasta iku banjur dicurake karo mabur, urut tengahe wewengkon Kraton Daha.”

(Prabu Erlangga Maro Negara, kaca 15-20)

Wujud kasetyane paraga Empu Bharadha marang rajane yaiku Prabu Erlangga bisa dideleng saka cuplikan ing dhuwur. Nalika Sang Prabu ngutus Empu Bharadha menyang Bali kanggo nemoni lan nyuwun palilah marang Sri Dharma Dayana kanggo njupuk maneh kraton warisan kang diwenehake marang Prabu Erlangga sadurunge dadi Raja ing Kediri, Empu Bharadha ora nampik kepara enggal-enggal budhal kanggo paring pambiyantu marang Sang Prabu. Empu Bharadha kang setya marang junjungane kasebut uga nyaguhi panyuwune Sang Prabu kanggo merang Kraton Medhang. Panjenengane banjur golek cara kanggo maro negara nganti pungkasane Kraton Daha kasil sigar dadi loro. Ora ana bab kang ditampik babar pisan nalika Sang Prabu butuh bantuwane. Bab kasebut mujudake kaca pangilon ing kasunyatan yen ana pawongan kang nduweni rasa setya marang tuwane nganti mbelani tumindak apa wae kanggo paring pambiyantu nalika tuwane nandang kasusahan.

Fungsi Crita Rakyat minangka Pangesahan Pranata lan Lembaga Kabudayan

Masyarakat Kediri nganti saiki isih tansah njaga tradhisi lan adat kang wis lumaku suwe, kayata sawijine yaiku Tradhisi Suran ing Petilasan Prabu Jayabaya. Bab kasebut disengkuyung crita-crita rakyat ngenani Prabu Jayabaya kang nuwuhake kapercayan marang masyarakat Kediri yen Prabu Jayabaya mujudake raja kang becik ig zaman biyen.

“Manawa ana rakyat Kediri sing kena musibah, ujug-ujug teka bantuan saka Sang Prabu Jayabaya. Rakyat Kediri sok gumun. Mula banjur nganggep Prabu Jayabaya tansah pirsane kahanane para kawulane. Rakyat Kediri padha tambah ngormati marang ratune.”

(Thothokkerot Njaluk Rabi, kaca 1-7)

“Prabu Jayabaya sing tansah tumindak adil, nalika kena musibah akeh sing mbelani.”

“Prabu Jayabaya kang adil lan kebak welas asih marang rakyat dislametake saka ontran-ontran kang bakal ngendhah panguwasane. Sanajan mangkono Prabu Jayabaya rumaos sedhah amarga akehe

korban saka panjebluge Gunung Wilis lan Gunung Kelud.”

(Ngamuke Dhadhungawuk, kaca 21-25)

Cuplikan ing dhuwur dicuplik saka crita rakyat kanthi irah-irahan Thothokkerot Njaluk Rabi lan Ngamuke Dhadhungawuk. Rong crita kasebut padha-padha nyritakake Prabu Jayabaya minangka ratu kang adil, wicaksana, lan sekti mandraguna saengga masyarakat Kediri nganti saiki tansah eling marang panjenengane. Bab kasebut ndadekake masyarakat Kediri ajeg nganakake tradhisi Suran ing Petilasan Sri Aji Jayabaya kanggo ngeling-eling ratune lan ndongakake kaslametan panjenengane lan masyarakat Kediri dhewe. Papan panggonan kang dipercaya masyarakat Kediri minangka petilasan Sri Aji Jayabaya kang ana ing Desa Menang, Kecamatan Pagu, Kabupaten Kediri, dening pamrintah Kediri banjur disahake minangka papan panggonan wisata religi. Papan panggonan kasebut uga asring ditekani pawongan-pawongan saka njaba kutha kanthi maneka tujuan wiwit saka mung pengin dolan utawa mlaku-mlaku, ndongakake kaslametan Prabu Jayabaya nganti ana kang kanthi tujuan ngalap berkah ing kono.

Kediri mujudake sawijine kabupaten kang nduweni maneka wisata. Wiwit saka wisata hiburan, wisata kuliner, wisata budaya nganti wisata religi. Sawijine wisata religi kasebut wis dirembug ing dhuwur yaiku papan panggonan Petilasan Sri Aji Jayabaya lan tradhisi kang lumaku ing sakupenge papan petilasan kasebut. Ora adoh saka papan Petilasan Prabu Jayabaya, ana uga wisata budaya kang wis diresmikake dening pamrintah Kediri sawijine yaiku wisata budaya Arca Dwarapala Thothokkerot kang manggon ing Desa Bulupasar, Kecamatan Pagu, Kabupaten Kediri. Arca Thothokkerot kasebut miturut Crita rakyat kang asring keprungu ing sakupenge masyarakat kono mujudake arca saka buta kang biyen teka menyang Kediri kanthi tujuan ngunggah-unggahi Sri Aji Jayabaya.

“Nalika jotosane Prabu Jayabaya pas kena pilingane Thothokkerot, Thothokkerot njerit sora, suwarane nggegirisi kaya bledheg. Bareng karo kuwi, wewujudane Thothokkerot malih dadi reca watu kang ana pawujudane tekan saprene.”

(Thothokkerot Njaluk Rabi, kaca 1-7)

Kacaritakake Thothokkerot kalah dening Prabu Jayabaya lan owah wujud dadi reca watu. Reca watu kasebut kang nganti dina iki bisa dideleng minangka cagar budaya Kediri Arca Dwarapala Thothokkerot. Miturut warga sakupenge papan panggonan arca kasebut, ing dina-dina tartamtu ana wae pawongan kang nekani papan kasebut kanggo ngalap berkah amarga percaya yen Thothokkerot nalika uripe pancen sekti mandraguna saengga diaran bisa menehi pitolongan marang wong-wong kang percaya bab kasebut.

Saliyane wisata budaya Arca Dwarapala Thothokkerot kaya kang wis diandharake ing dhuwur, ana maneh wisata lokal ing sawijine desa ing Kediri. Tradhisi

kasebut ana sesambungane kalawan crita rakyat Kediri kang sajrone CRKJT diwenehi judhul “Jaka Bodho Nata Reca”.

“Apa? Aku dipek bojo Jaka Bodho? Iya, aku gelem waton Jaka Bodho bisa nggawekake reca gajah sajroning sawengi!”

“Aku gawe reca gajah, kanggo Dewi Arum. Dewi Arum mau kandha gelem dakrabi yen dakgawekake reca gajah sajroning sawengi.”

“Yen kowe ora bisa marekake aku ya ora gelem mbokpek bojo,” wangsulane Dewi Arum karo namatake reca gajah kuwi.”

(Jaka Bodho Nata Reca, kaca 27-32)

Cuplikan ing dhuwur nuduhake nalika Dewi Arum nantang Jaka Bodho gawe reca gajah sasuwine sawengi kang banjur ditampa dening Jaka Bodho kanggo mbuktikake yen dheweke tresna tenan marang Dewi Arum ananging pungkasane reca gajah durung rampung.

Senadyan ora jangkep nanging watu gajah kang wis kasil kasebut nganti dina iki isih ana. Papan panggonan reca Watu Gajah kang diwangun dening Jaka Bodho nganti dina iki didadekake pundhen kanggo warga Kediri kang nganut agama Hindhu. Saben riyaya Nyepi masyarakat Hindhu ing kono maesi panggonan sakupenge Watu Gajah kanthi menahi payung corak ireng putih. Bab kasebut dipercaya masyarakat kanggo nekakake berkah arupa kasuburan kanggo panene. Yen ritual kasebut ora dilakoni, masyarakat percaya bisa nyebabake musibah.

Ing Kabupaten Kediri, cethane ing Desa Kandat, ana cikar kang tansah dijaga kanthi becik dening warga sakupenge. Wujude cikar kasebut sejatine ora beda adoh saka cikar-cikar padatan kang digunakake minangka piranti *transportasi* tradhisional. Kang ndadekake cikar kasebut dijaga tenanan dening warga Desa Kandat awit cikar kasebut mujudake tinggalan saka Kanjeng Adipati Raden Mas (KARM) Jaya Hadiningrat kaya sajrone crita rakyat judhul “Watu Bantheng Bupati Kediri”.

“Kanthi ajeg, Kanjeng Bupati ngrawuhi desa-desa ing saindenge Kabupaten Kediri. Yen rawuh ing desa-desa, Kanjeng Bupati nitih cikar sing digeret bantheng sapasang. Bantheng sapasang kuwi kuwat banget, ora mung mlaku gliyak-gliyuk kaya salumrahe sapi nggeret cikar. Bantheng iku uga kuwat playune, yen pancen Kanjeng Bupati ngersakake playune cikar banter.”

“Sauntara iku sawijining telik sandi Walanda sing weruh Kanjeng Bupati nitih cikar, tansah ngulat-ulati. Telik sandi iku wus krungu kabar slenthingan manawa Kanjeng Bupati bakal nganakake rapat kanggo nglawan Walanda.”

(Watu Bantheng Bupati Kediri, kaca 9-14)

Cikar kasebut nganti dina iki isih ana lan diaran cikar Mbah Gleyor. Nalika isih usum judi toto ilegal, cikar kasebut kerep didadekake papan panggonan kanggo nyepi lan tapa dening saperangan pawongan amarga dianggep cikar kramat. Nanging saiki papan panggonan cikar kasebut dipindah cedhak musholla saengga wis arang kang nekani kanggo ngalap berkah.

Fungsi Crita Rakyat minangka Piranti kanggo Meksa lan Ngawais Masyarakat supaya Manut Marang Norma-Norma Sosial

Ing Kediri ana saperangan crita rakyat kang nduweni fungsi minangka piranti kontrol norma-norma saengga masyarakat tansah nguggemi norma-norma kang becik, sawijine yaiku anane larangan kanggo pejabat pamrintahan kayata Presiden ora oleh nekani sawijine wilayah ing Kediri. Yen bab kasebut dilakoni, pejabat pamritah kasebut bakal lengser kalungguhane. Wiwitane yaiku saka crita rakyat kang sajrone CRKJT diwenehi judhul “Sumpahe Ki Dipayuda”.

“Warga Dhusun Gempolgarut aja pisan-pisan dadi antheke Landa. Yen ana Landa lan antheke-antheke pamarentah Landa nganti mlebu Dhusun Gempolgarut mesthi bakal cilaka.”
(Sumpahe Ki Dipayuda, kaca 45-49)

Ki Dipayuda uga menahi sabda marang kabeh pajabat pamrintahan Walanda kang nduweni niat tumindak ala supaya ora ngidak lemah Kediri lan yen bab kasebut isih tetep dilakoni, kalungguhane bakal lengser. Nganti dina iki kapercayan manawa pamarentah Walanda bakal cilaka manawa nganti mlebu Dhusun Gempolgarut isih dipercaya tumurun marang pejabat pamrintah ing zaman iki. Crita rakyat kasebut ndadekake warga percaya yen nganti ana pamrintah kang ora nduweni jiwa suci, eklas lan ora bisa ngugemi janji setya marang Indonesia mlebu Kediri bakal lengser kalungguhane.

Saliyane crita rakyat kasebut, isih ana maneh crita rakyat minangka piranti pengendali sosial. Crita rakyat Thothokkerot Njaluk Rabi nyritakake ngenani Prabu Jayabaya kang ditekani dening buta aran Thothokkerot kang nduwe karep ngunggah-unggahi Prabu Jayabaya. Awit Prabu Jayabaya mujudake ratu ing Kraton Kediri mula ora kepareng sembarangan pawongan kang dadi garwane. Diunggah-unggahi dening raseksi apamaneh kanthi cara kang ala mujudake bab kang ora pener.

“Kurang ajar kowe! Dasar raseksi murang tata, ora nduwe duga. Wis gawe rusak negaraku, lha kok isih pengin dadi garwaku. Thothokkerot, urip neng Kediri bae wus ora ana enggon tumrap wong angkara murka kaya kowe. Apa maneh dadi garwaku!”

(Thothokkerot Njaluk Rabi, kaca 1-7)

Kacaritakake kaya cuplikan ing dhuwur unghah-unggahane Thothokkerot tumrap Prabu Jayabaya ditampik. Saliyane amarga carane Thothokkerot kang ora pener uga amarga Thothokkerot dhewe mujudake raseksi utawa buta wadon kang ora pantes ngunggah-unggahi pawongan kang nduweni kalungguhan dhuwur. Tanpa disadhari masyarakat percaya yen wong wadon ngunggah-unggahi wong lanang iku tumindak kang kurang becik. Saperangan masyarakat Jawa tradhisional mligine saperangan masyarakat Kediri ora sarujuk yen ana wong wadon ngunggah-unggahi wong lanang. Saperangan

masyarakat kasebut percaya yen kalungguhan wanita iku neng ngisor wong lanang.

Miturut Aristoteles (sajrone Darni, 2015:12), kakuwasan paling dhuwur wong lanang tumrap wong wadon wiwitan adhedhasar analogi kama lan getih menstruasi. Kama, benihe wong lanang kang nduweni warna putih saka lemak kang becik. Suwalike benihe wong wadon saka getih kang nduweni warna abang, rusak. Bab kasebut ndadekake nalika ana tumindak wong wadon ngunggah-unggahi wong lanang bakal diaran wong wadon palanyahan utawa wong wadon kang kurang bener. Bab kasebut banjur nuwuhake kabudayan arupa wong lanang kang nglamar wong wadon dudu sawalike.

Fungsi Crita Rakyat minangka Piranti Pasinaon kanggo Bocah

Akeh tuladha sipat-sipat lan tumindak kabecikan kang kandut sajrone crita rakyat. Ing kono digambarake anane sesambungan manungsa kalawan Gusti Pangeran, kalawan negarane, lan sesambungan manungsa kalawan manungsa liyane.

Crita rakyat kang wiwitan judhul Thothokkerot Njaluk Rabi ndadekake bocah-bocah utawa sapa bae kang maca utawa krungu critane dadi bisa mikir kang becik ngenani cara-cara kang kudu dilakoni kanggo nggayuh kekeparepan.

“Thothokkerot dhewe olehe gawe ontran-ontran iku amarga mung anggone pengin ketemu karo Prabu Jayabaya.”

“Kurang ajar kowe! Dasar raseksi murang tata, ora nduwe duga. Wis gawe rusak negaraku, lha kok isih pengin dadi garwaku. Thothokkerot, urip neng Kediri bae wus ora ana enggon tumrap wong angkara murka kaya kowe. Apa maneh dadi garwaku!”

(Thothokkerot Njaluk Rabi, kaca 1-7)

Thothokkerot golek kawigaten kanthi cara gawe ontran-ontran ing Kediri kang ndadekake akeh warga kang dadi korban kaya kang ana sajrone cuplikan crita rakyat ing dhuwur. Karepe nuduhake kakuwatan marang Prabu Jayabaya supaya panjenengane dadi migatekake Thothokkerot nanging jebule tumindak kasebut ora disenengi Prabu Jayabaya kepara ditampik kanthi cara kang ndadekake dheweke rugi dhewe. Kasektene ora digunakake kanggo tumindak kang becik malah kanggo gawe ontran-ontran kanthi tuwuh korban. Pasinaon kang bisa dijupuk saka crita rakyat kasebut tumrape bocah-bocah lan kita yaiku yen nduweni kekeparepan utawa gegayuhan kudu tansah ngupaya nggunakake cara-cara kang becik lan uga kudu tansah dibarengi rasa pasrah lan eklas. Saengga nalika gegayuhane kasil, kita ora dadi pawongan kang ugungan lan suwalike, yen kekeparepan durung kasembadan ora dadi pawongan kang banjur nglokro utawa kepara nggunakake cara wilet supaya ora ndadekake rugine wong liya lan awake dhewe.

Paraga Prabu Jayabaya sajrone crita rakyat judhul

Thothokkerot Njaluk Rabi lan Ngamuke Dhadhungawuk, uga menehi tuladha becik lumantar pamaragane. Sipat Prabu Jayabaya kang tansah asih marang rakyat bisa dituladhani kanggo sapa wae.

“Prabu Jayabaya wus wanti-wanti marang rakyat Kediri aja pisan-pisan ngrusak alas. Yen alase nganti rusak, bakal dumadi musibah gedhe, amarga alas ora bakal maneh nahan lan nyimpen banyu udan.”

(Thothokkerot Njaluk Rabi, kaca 1-7)

“Prabu Jayabaya sing tansah tumindak adil, nalika kena musibah akeh sing mbelani.”

“Prabu Jayabaya kang adil lan kebak welas asih marang rakyat dislametake saka ontran-ontran kang bakal ngendhih panguwasane. Sanajan mangkono Prabu Jayabaya rumaos sedhih amarga akehe korban saka panjebulge Gunung Wilis lan Gunung Kelud.”

(Ngamuke Dhadhungawuk, kaca 21-25)

Prabu Jayabaya mujudake ratu kang kondhang kaloka. Nganti dina iki wae, crita rakyat kang sesambungan kalawan Prabu Jayabaya isih kerep keprungu ing sakupenge masyarakat Kediri. Bab kasebut amarga sipat becike Prabu Jayabaya mligine marang kawulane. Cuplikan ing dhuwur nuduhake yen Prabu Jayabaya nduweni sipat wicaksana, asih, lan adil saengga akeh kang sujud lan bekti marang panjenengane. Sipat-sipat kasebut bisa banget dituladhani dening bocah-bocah saiki. Sejatine bab kasebut ora mung bisa dituladhani dening bocah ananging kita minangka pribadi kang wus diwasa uga bisa. Tanpa ndeleng kalungguhan, kita kudu tansah nduweni rasa asih lan seneng tetolong kaya Prabu Jayabaya. Nalika kita nglakoni bab-bab kang becik mesthi diwenehi piwales kang becik uga dening Gusti Allah.

Sabanjure ana nasionalisme lan patriotisme kang dikandut sajrone antologi CRKJT kang bisa dituladha saengga bisa didadekake piranti kanggo ndhidhik anak. Sawijine tuladha saka paraga KARM Jaya Hadiningrat sajrone crita rakyat judhul Watu Bantheng Bupati Kediri. Panjenengane mujudake pawongan kang nduweni kalungguhan ing pamrintahan. Panjenengane yaiku Bupati ing Kediri kang asih banget marang rakyat. Kanjeng Bupati Jaya Hadiningrat mujudake pawongan kang nasionalis. Nalika Kediri dijajah dening Walanda, panjenengane tansah ngupaya ngayomi rakyat supaya ora dadi kurban srakahe penjajah Landa.

“Kawula alit padha njerit lan sering sambat marang Kanjeng Bupati. Kanjeng Bupati neangsa penggalihe mirsani nasib rakyat. Mula Kanjeng Bupati banjur ngrekadaya supaya rakyat bisa kalis saka pamerese Landa.”

“Kanjeng Bupati asring rembugan karo patih lan pembantune sing dipercaya sarta tokoh masyarakat Kabupaten Kediri ngrembug nasibe rakyat sing tambah sengsara.”

“Miturut KARM Jaya Hadiningrat perang ora kudu dilawan kanthi perang. Barang atos ora kudu dilawan kanthi atos uga.

(Watu Bantheng Bupati Kediri, kaca 9-14)

Nalika dijajah Walanda, KARM Jaya Hadiningrat ora gelem melu nyengkuyung tumindake Landa kamangka bisa wae panjenengane dadi urip luwih kepenak yen ngathok marang Walanda. Panjenengane malah asring rembugan karo tokoh masyarakat liyane kanggo nyelametake uripe warga Kediri. Paraga KARM Jaya Hadiningrat mujudake pahlawan kang tindak tanduke bisa ditulad kanggo bocah-bocah zaman saiki.

Saliyane iku ana maneh nilai kabecikan arupa rasa bekti marang guru kang bisa ditulad bocah-bocah. Pandhita Amiluhur mujudake guru saka paraga Dhadhungawuk, Naga Kunti, lan Naga Kunta sajrone crita rakyat Ngamuke Dhadhungawuk.

“Pandhita Amiluhur iku nduwe murid telu: Naga Kunta, Naga Kunti, lan Dhadhungawuk. Ajarane gurune sajake wus mbalung sungsum ing atine murid telu iku, Kaya gurune, murid telu iku sering tetulung marang sapa-dha-padha.”

“Pandhita Amiluhur banjur nyiritakake sapa kang nedya mrajaya dheweke. Wong-wong iku kang bakal ndhongkel kawibawane Prabu Jayabaya. Pandhita Amiluhur banjur meling supaya muride telu iku tansah mbiyantu Prabu Jayabaya. Bubar ngendika mangkono, Sang Pandhita banjur seda.”

“Murid telu mau, banjur ngatur siasat. Naga Kunta budhal menyang Gunung Kelud, Dhadhungawuk menyang Kraton Kediri, lan Naga Kunti panggah ana Gunung Wilis.”

(Ngamuke Dhadhungawuk, kaca 21-25)

Kaandharake ing cuplikan dhuwur, Pandhita Amiluhur mujudake pandhita kang seneng tetolung marang sapa-dha-padha saengga ajaran kasebut uga mbalung sungsum ing ati katelu muride. Rasa bekti Dhadhungawuk, Naga Kunta, lan Naga Kunti ditindakake sarana nolung lan njaga Prabu Jayabaya. Miturut murid telu kasebut yen kasil nindakake amanah saka gurune, tegese murid kasebut bisa menahi piwales kang becik tumrap gurune kang sasuwine iku tansah nyinaoni Dhadhungawuk, Naga Kunta, lan Naga Kunti. Rasa bekti saka katelu murid Pandhita Amiluhur kasebut bisa dituladhani dening bocah-bocah saiki.

D. PANUTUP

Adhedhasar asil analisis kang dirembakakake saka underan panliten, mula bisa didudut yen crita rakyat Kediri kang dijupuk saka antologi Crita Rakyat Kediri Jawa Timur dening Suharmono Kasiyun ngandut maneka arketip kanthi mawujud figur arketipal, kahanan arketipal, lan imaji arketipal. Saben-saben crita rakyat kasebut minangka sastra lisan uga nduweni fungsi dhewe-dhewe.

Arketip kang bisa ditemokake saka saben-saben crita rakyat sajrone antologi kasebut yaiku arketip persona, ayang-ayang, anima, animus, ibu agung, wong tuwa kang wicaksana, satriya, lan *self*. Arketip kang kapisan kang ditemokake yaiku arketip persona kang sajrone CRKJT dituduhake kanthi figur arketipal lan kahanan arketipal.

Arketip kasebut dituduhake lumantar figur arketipal raja utawa pamimpin kang digambarake minangka Prabu Erlangga, Sri Dharma Dayana Warnadewa, Trunajaya, KARM Jaya Hadiningrat, lan figur arketipal wong kang mbodhoni kayata Jaka Bodho. Arketip persona uga mawujud kahanan arketipal namur lampah utawa nyamar. Bab kasebut kadadean ing paraga Prabu Jayabaya, Dewi Sekartaji, lan Dhadhungawuk. Katelune nindakake nindakake namur lampah utawa laku nyamar supaya ora diweruhi dening wong liya sapa sejatine dheweke kanthi tujuwan tartamtu. Kapindhone yaiku arketip ayang-ayang. Arketip kasebut kanthi wujud figur arketipal lan imaji arketipal. Imaji arketipal sajrone CRKJT ana loro yaiku imaji buta lan imaji bantheng minangka lambang kang tuwuh saka varian ayang-ayang utawa *shadow*. Buta digambarake minangka makhluk kang medeni, ambek-siya, lan nggegirisi lan bantheng mujudake kewan kang kuwat tur medeni. Rong lambang kasebut mralambangake arketip ayang-ayang kang isine sisi hewani ing kodrate manungsa. Figur arketipal saka arketip *shadow* ing antarane figur Thothokkerot, Trunajaya, Dewi Arum, lan Gendhingpita. Kahanan arketipal liyane kang bisa ditemokake yaiku kadadean wong wadon ngunggah-unggahi wong lanang. Arketip kaping telu yaiku arketip anima lan animus kang nuduhake sisi feminim saka wong lanang lan sisi maskulin saka wong wadon. Figur arketipal digambarake minangka paraga Prabu Jayabaya, Thothokkerot, Prabu Erlangga, lan KARM Jaya Hadiningrat. Kaping papat ana arketip ibu agung sajrone figur paraga Dewi Arum, Nyi Tumenggung, lan Dhadhungawuk. Sabanjure, arketip kaping lima yaiku arketip wong lanang kang wicaksana. Arketip kasebut mawujud figur arketipal Prabu Jayabaya, Prabu Erlangga, lan Pandhita Bagawanta Bari. Arketip kaping enem yaiku arketip satriya kang ana sajrone figur arketipal paraga Prabu Jayabaya, KARM Jaya Hadiningrat, Ki Dipayuda, lan KARM Jaya Hadiningrat. Arketip-arketip kasebut nduweni sesambungan antara siji lan liyane. Yen kabeh arketip kasebut wis kasil digayuh dening sawijine pawongan sajrone kapribadene, mula pawongan kasebut bisa tumuju kasampurnane urip kang dilakoni. Pawongan kasebut nduweni arketip kag pungkasan yaiku arketip *self* utawa dhiri. Figur arketipal kang ditemokake saka arketip *self* yaiku figur arketipal Empu Bharada, lan Ki Bagawanta Bari.

Sabanjure saben-saben crita rakyat ing Kabupaten Kediri ngandut fungsi kayata fungsi minangka kaca pangilon, fungsi minangka pangesahan pranata lan lembaga kabudayan, minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi masyarakat supaya manut marang norma-norma sosial, uga minangka piranti pasinaon kanggo bocah. Fungsi crita rakyat minangka kaca pangilon ing antarane kaca pangilon ngenani anane pawongan kang nggayuh kekeparepan kanthi cara kang ala, kaca pangilon ngenani

Crita Rakyat ing Kabupaten Kediri (Tintingan Arketip Carl Gustav Jung lan Fungsi Folkloris)

wong wadon kang nduweni rasa umuk lan nduweni kecarepan disandhing wong lanang kang sampurna, kaca pangilon ngenani kecarepan manungsa kanggo urip sesandhingan kalawan wong kang disenengi, ngenani sistim politik lan pawongan kang khianat uga pawongan kang setya marang tuwan utawa negarane.

Fungsi crita rakyat kapindho kang bisa didudut yaiku fungsi minangka pangesahan kabudayan. Anane tradhisi suran ing petilasan Sri Aji Jayabaya, reca Thothokkerot, reca Watu Gajah, cekar Mbah Gleyor mujudake kabudayan kanthi wujud tradhisi, seni, lan papan panggonan wisata kang tuwuh amarga disengkuyung dening crita rakyat ing kono. Sabanjure ana fungsi minangka piranti kanggo meksa masyarakat supaya manut marang norma social. Fungsi kasebut ing antarane yaiku anane larangan kanggo pajabat pamrintah kanggo teka ing Kediri lan anane pengendali sosial awujud kapercayane masyarakat sakupenge Kediri yen wong wadon ngunggah-unggahi wong lanang iku tumindak kang ora becik. Fungsi crita rakyat kang pungkasan yaiku fungsi minangka piranti pasinaon bocah. Maneka aturan kayata yen nduweni kecarepan kudu migunakake cara kang becik, kudu nduweni watak kang welas asih, demen tetolung lan wicaksana, kudu tansah laku adil, eklas, lan nduweni sipat nasionalis lan nduweni jiwa patriot mujudake bab kang tuwuh saka anane fungsi crita rakyat minangka piranti pasinaon kanggo bocah.

KAPUSTAKAN

- Ahmadi, Anas. 2011. "Cerita Rakyat Pulau Raas Konteks Psikoanalisis". Sajrone *Jurnal Masyarakat, Kebudayaan, dan Politik*. Vol. 24. No. 2. Hlm.109-111.
- , 2016. "Cerita Rakyat Jerman Perspektif Psikologi Jungian (Folklore German Perspective Jungian Psychology)". Sajrone *Jurnal Ilmiah Kebahasaan dan Kesastraan*. Vol. 4. No. 2. Kaca 147-159.
- Brangwetan. (2007, Oktober 12). Suharmono Kasiyun, Pengarang dan Penggerak Sastra Jawa [Pesan Web Log]. Kakutip Desember 20, 2017, saka <http://brangwetan.wordpress.com/2007/10/12/suharmono-kasiyun-pengarang-dan-penggerak-sastra-jawa/>
- Cherry, Kendra. 2019. *The Characteristics of a Hero: What Makes Someone a Hero?*. Kakutip Mei 15, 2019, saka <https://www.verywellmind.com/characteristics-of-heroism-2795943>
- Darni. 2015. *Kekerasan terhadap Perempuan dalam Fiksi Jawa Modern: Kajian New Historicism (Sebuah Kritik Sastra)*. Surabaya: Unesa University Press.
- Danandjaja, James. (2002). *Folklor Indonesia, Ilmu Gosip, Dongeng, dan lain-lain*. Jakarta: Grafiti.
- Endraswara, Suwardi. 2013. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: CAPS.
- Hidayat, Dede Rahmat. 2011. *Teori dan Apikasi: Psikologi Kepribadian dalam Konseling*. Bogor: Penerbit Ghalia Indonesia.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara yang Terlupakan: Pengantar Studi Sastra Lisan*. Malang: HISKI Jawa Timur.
- Jeffry, Scott. (2017, April 10). 7 Ciri-Ciri Pahlawan [Pesan web log]. Kakutip Agustus 12, 2018, saka <https://magazinehaisobat.wordpress.com/2017/04/10/7-ciri-ciri-pahlawan/>
- Kasiyun, Suharmono. 2007. *Crita Rakyat Kediri Jawa Timur*. Jakarta: PT. Gramedia Widiasarana Indonesia.
- Kerajaan Kediri. (n.d.). Kaakses November 27, 2017, saka website <http://sejarahbudayanusantara.weebly.com/kerajaan-kediri.html>
- Mayasari, Henny Tri. 2015. *Ekstroversi dan Introversi Tokoh dalam Novel Layang-Layang Terakhir Karya Hery Sunarsono: Tinjauan Psikologi Carl Gustav Jung*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: Universitas Negeri Surabaya.
- Narimawati, Umi. 2008. *Metodologi Penelitian Kualitatif dan Kuantitatif*. Bandung: UNIKOM.
- Nugroho, Akhadianto Dwi. 2017. *Legenda di Kecamatan Kudu Kabupaten Jombang Kajian Arketipe Carl Gustav Jung*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: Universitas Negeri Surabaya.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Penelitian Sastra: Teori, Metode, dan Teknik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.